

# *Maskilanje*

A Haitian novel by Kesler Brézault (Keslèbrezo)

## P R E F A C E

This story could be like a mirror for all politicians in Haiti to look at their face every morning. The artist, Keslèbrezo, has produced *Maskilanje* after February 7, 1986 when the whole table of the (political) *game* was overturned. The courageous people stood up and ask for an account: getting rid of a dictatorship, the power of an elite - fire in dried straws leaving behind no legacy for the people to benefit from.

For this reason, we say: the disease is there, and we have not seen yet the possibility of its healing. We say: we are not being treated for the disease we suffer from. Due to the bad adjustment that has yield vices in the place of our consciousness, it's like we have a screw loose; we have lost our sanity. Our two eyeballs are brightly open; we are not blind but we are not seeing the reality. It's the mask before our eyes, the contact lenses that have the form and colors of projecting things. We don't know why the *taptap*\* stops at the *Pòtay Lewogàn* traffic lights; it doesn't want to move forward. The reason is there, close to us but when looking at things, it's not (really) us who see them; it's the glasses; it's the mask that sees for us. Indeed, all of a sudden the spotted chicken believes that he is a speckled one.

We see that we are not being treated for the disease we suffer from. It's the mask in the eyes that's called mentality which is a mental reproduction (in our brain), a bunch of visible symbols that pass through language, through proverbs being circulated, taking roots in the adjustment, in our reaction as group of people who are living together in a community, a nation and a people.

We believe that we are not being treated for the disease we suffer from. The disease is not simple. It has just started to be corrugated in our sensitive society. We must not believe that *dechoukay*\* is going to be easy:

1. In Bwakayiman, Boukman\* asked to throw away *the picture of the white god*. (Throw away, burn the masks after carnival). What the eyes don't see, does not cause nausea.
2. In the city of Marchand, Dessalines\* rejected the issue that "the settler's child inherits the settler, and the one of African descent inherits nothing". (The *plum* or the losing cock is for all of us: each Haitian has the right to suck a bone). All children are children.
3. In religion, the Master asks us to observe and remember. (To organize church movements, religions on the cooperative models of solidarity with God's people). That way, where one believes there's nothing, one can find things to fill up a basket with remainder.

4. In the government, the people claim tools for solid institutions that are useful to democracy in order to carry out their tasks and to enjoy their rights as they should be. Exchange of little gifts makes friendship last longer.

\*Notes.

**taptap.** pick-up truck used for public transportation in Haiti.

**dechoukay.** uprooting, eradication; mob justice; lynching; looting, burning.

**Boukman.** (Boukman Didi). Early leader in Haitian Revolution; organizer of the famous *Bwa Kayima* ceremony (August 14, 1791).

**Dessalines.** (Jean-Jacques) 1758-1802. Leader of the Haitian Revolution

### DATABASE FOR LEXICAL RESEARCH RELATED TO HAITIAN CREOLE

(4-12-2007 (latest editing))

RED = word to look at (archaisms, neologisms, rare words, regionalisms, semantics, variants (urban vs. rural), words under check). BLUE = idioms, semantics of certain phrases to be verified). Text under review: *Maskilanje* (novel). Revised by Emmanuel W. Védrine.

prezantasyon istwa a ta ka tankou yon glas pou tout politisyen lan peyi n ayiti gade figi yo chak maten sanba keslèbrezo te mete men nan *maskilanje* apre 7 fevriye 1986 lè tout tab jwèt la te chavire pèp souvren te kanpe pou li mande regleman dechoukay yon diktati **pouvwa tilolit** dife nan pay sèch san pyès eritay benefis pou pèp konsa nou di maladi a kanpe **kanta gaya** se poko sa pyès nou di **maladi nou soufri a se pa li n ap trete** afòs move **ajisman** fin donnen vis nan plas konsyans nou nou kòm fin pèdi fil **pèdi way** pwòp tèt nou 2 je n kale nou pa avèg n ap gade men se pa nou ki wè se mas yo ki lan je nou **linèt kontak** ki gen fòm ak koulè davans nou pa ka konn poukisa taptap la kanpe anba limyè sou pòtay lewogàn li pa vle avanse rezon an la tou pre nou men lè n ap gade se pa nou menm ki wè se linèt la se mas la ki wè pou nou se konsa **zenga rete li kwè l pent** nou wè maladi nou soufri a se pa li n vle trete se mas ki lan je ki pote non mantalite ki egal yon repwodiksyon mantal (nan sèvo nou) yon seri senbòl vizib ki pase nan langay nan pwovèb k ap sikile pran rasin nan ajisman nan reyaksyon nou kòm gwoup moun k ap viv ansanm nan yon kominote yon nasyon yon pèp nou kwè maladi nou soufri a se li pou nou trete maladi a pa senp li kare kaye kò l nan kat pwen sansib anndan kò sosyete nou an fòk nou pa kwè dechoukay sa a apral fasil **nan bwakayiman boukman mande pou nou jete pòtre bondye blan an** (jete boule mas yo apre kanaval) sa je pa wè kè pa tounen **nan machan desalin desalin te rechte kesyon pitit kolon eritye kolon**

pitit ginen eritye anyen an (ploum nan pou nou tout chak ayisyen gen dwa pou l souse yon zo) tout pitit se pitit nan relijyon mè la mande pou nou ranmase epi sonje (òganize mouvman legliz yo relijyon yo sou modèl koperativ solidarite ak pèp bondye a) konsa kote ou konprann ki pa gen anyen ou ka jwenn pou ou plen yon panyen rès rete nan leta pèp la mande zouti enstitisyon solid ki itil demokrasi a pou yo ka fè devwa epi jwi dwa yo kòm sadwa men ale men vini fè zanmi dire rasanbleman douvan pòt katedral yon jounen san rimay solèy ochan ap frape militè o gadavou drèt rèd kou ke makak divès kout kanno tire bow bow bow tan an move prèt pou pete moun sou tout galeri lan ri dipèp lan kwen ri monsenyè giyou konte san kalkile yo tout di sa fè venteyen toudayè li pa ta ka plis 21 kout pyès kanno se toujou venteyen kout pyès kanno tedeyòm fin chante nonm radyo dyòl alèlè ap di ki nèg pèp la pran pouvwa a ak patizan l yo vaksin pran lari a opozan bay peyi a yon sèl baskou yon sèl kòk sou yon pewon kay sou bèlè lan kwen ri doktè obri yon mè lekòl kanpe an zingdekontraryete ak yon pye l sou bwat yon chany k ap netwaye soulye l mè la tonbe pale chany lan se chany men li pa soud li pa bèbè men en se pa posib o o sa pa ka fèt konsa se dezòd mè la m pa tande non se avèk mwen ou ap pale kouman ou menm menm ou genlè djèdjè ou pa konn fè kòlè mè la li ta bon pou m konnen kisa ki deranje ou konsa wi èske se mannyè m netwaye soulye a osnon eskandal kout pyès kanno yo di m non ou konn konte ou t ap konte mè la mwen m se moun laskawobas se pou m ka di ou papa m te fè gadinay lè m di ou sa a mche te konn gade bèt anpil fè yon ti drese pye ou mè la souple li bon la a mèsè mè la lèfini pou m byen di ou papa m pa te janm konnen konbe bèt li te ganyen an total li pa te konn konte alòs kòm se mwen sèl pitit gason li adye li te voye m lekòl al aprann konte san pa t sa m pa ta fouti konte konbe kout kanno ki sot pati la a mè la konben ou konte 22 vennde kout kanno ki sot tire la a san wete san mete mè la ooooo ekza epitou monchèrami m ba ou devan pòt lekòl la pou travay netwaye soulye tèt kale jan ou vle sitiyaasyon fè aksyon mè la lan eskwad ou ye se ladan l ou pran jounen metye chany fè moun pale ak tout moun si se yon chans se lan sa chans lan ye senpman mè la vennde vennde kout kanno sa sa vle di divès kout kanno tire bow bow bow tout moun konnen se venteyen 2 mesye ki pa menm aprann konte menm kote yo konte vennde mè la kwè se dezòd ki tabli nan peyi a chany lan kwè se pwen moun yo moun yo pa pou kont yo yon pwen vennde mè la pwen vennde sa k rele pwen vennde a menm enben 2 devan 2 dèyè egal pwen tout bèt kay mandan brino pwen atoufè chen anraje mè la pwen lisifè pwen rebise kraze brize pwen mòde pa lage pwen sanmanman sanginè malfèktè dechèpiyè pwennfèpa mè la ou kwè sa afòs se sa ou pa wè menm solèy pa fè rimay leve mè la mè la vale krache l li plonje ra gagann nan

refleksyon lan yon kout 22 voup yon kout pa konprann lamizè de venn pichon madichon parèt vap blayi palto sou vivasyon moun tout koulè nan peyi a yo pwonmennen koukouy lan boutèy gwo jounen ba li ochan fè wonn laplas òkès nasyonal filamonik popilè jwe mizik pou koukouy yo chame flate konpoze chante pou koukouy yo dekore koukouy yo moute grad koukouy koukouy lan boutèy jeneral limyè chèf solèy yo vini yo bare lalin yo bare solèy yo tenyen zetwal pa fòs pouvwa kraponnay mechanste **konplotay** manti ak **malveyans** yo vini yo moute pouvwa yo sènen lavi yo bouche tout jwen makout sou moun lavil lan mòn moun kont moun yonn pa konn lòt yonn kont lòt move zak yo pèse kè moun depase san san nan venn moun blese jouk nan rèldo fyèl jouk do kase do kobi do koubi **ladoba** do bos do benn do resò **do madan brino** do milèt do lalin nouvèl do vennde do pou do do pa do do la si do dodo sou do do dal dlo lobe sou do **alovi** yo dòm deyò ata sou do rezèwa fè cho lan kwen ri timas bò ri dipèp tidyo kite vann biskuit 4 pou 15 kat leta l dèyè pòch li tidyo sèl chèf tidyo tonbe maspinen moun arete kalote fouke moun jan l pito m arete ou sa ou di prefekti mande pou ou kamoken o **monkòmandan** kisa m fè oo sa ou ye fòk ou fè yon bagay pou m arete ou mache ban mwen fwenk **komilis** zak sa yo **tigonnen** mè la figi mche limen tou wouj chany lan vekse tou men li kè kal sa li ye la a yon mòd vare sou moun san respè pou pyès moun kit ou ak bak kit ak kravati si ou pa gen kat siyen makout osnon moun pa ki nan pouvwa a ou ta mè fè dènye priyè ou chak fwa ou soti ou pa konn tounen ou **koumanman** moun pran souflèt **kafeterya** pou gade moun pou pa t gade gade machin pou pa t gade pa gade moun pou ou te gade pa gade machin pou ou te gade pou mwen se toujou menm man parèy man okenn chanjman nan sitiasyon mal okipe mizerab **latoumant** malere sa ou di mè la **yon lelit ti lolit raketè** toujou ap titile kwaze leyuit file zangi machande pouvwa okenn chenn pa ka wè la yon lelit tout pou yo yo fèt tou konsa yo pran sou 2 bò nan kolonn san mele moun vini afranchi zòt lage libere san chenn ak tout piston ak tout dwa ak tout byen san sye ak tout eritay chay bagay **malakinou** nou fèt yon sèl bò nou fèt ak **fòskote** bay sou gine ni bò manman ni bò papa yo pran nou sou 2 bò nou lote nan kolonn bèk chèch sa yeye ye san dwa san eritay san bwa dèyè bannann nou yo san lè fè nou ranmase kolye nou **retache** nou nan chenn **desandans** nou se pa ou menm sèl ki mele non ou pa menm bezwen di m sa mè la djab kont moun tout moun nan won se tout moun nan won sa a ki fè nou sanble ap danse sou menm kadans jodi a san pa t sa sa ou di mè la kouman yo rele ou yo rele m swafèt mè la swafèt pouki yo rele ou swafèt la menm se **non vanyan** ou non manman m ak papa m ban mwen mè la parenn mwen **tonnè krakra** m **votwa gotras** m lonmen non ou m pa detounen ou granmoun ki te gen granmoun sou li mche te vle rele m similòm ayayay

gason peyi n ayiti pa t ap ase pou similòm non mèt la fò ou konn la pou al la abobo **bouda nini** e dat mwen pral kote m pa konnen a m p ap di ou manti ou ka konn di bonjou ou menm ou a rive vre wi di bonjou miyò pase konn lawout se **pawòl grandèt** mèt la yon kolonn chèf tout kalite **lage de gidon lan fif tout moun** sennesòv pyès limit pou degoutans hey ou menm mwen gade figi **mò an vakans** lan k ap mande m si se li se pa ou k ap plede pale de politik politik tout lajounen an ak elèv lekòl yo kisa devan bann **konplotè** o mèt la sanble ou brase bil ou twòp wi ou tèl man toumante pye ou alilin nan pran nan tout chòsèt ou anyen sa bon san mande yon **tètansanm** pou nou ka soti resi fini ak sa rasanbleman tout moun pestèl jenn gason pestèl fanm pestèl en fanm pestèl mèt la oke yo pa ladan moun jeremi tout moun wou ou lougawo fanm jeremi hey pès moun okap ou a dyòlè pa ou moun jakmèl fanm jakmèl fanm mònabrilè pa pale m de yo mèt la moun pòtoprens jennjan kapital anvan ou bat je ou yo vann ou ou ap pale serye mèt la militan patriyòt aletranje dyaspora ou pa konte sou yo pye sabliye a ayiti cheri se vre gen nan nou ki bliye ou lè poutan ou pa sispann bay fyète lespwa alawonnbadè sa nou pèdi nan longè nou tire l nan lajè gade jan ou layite kò ou ou blayi kò ou ou laji pye ou ou ap bay kouray pitit ou alawonn ta do fè sentiwon fè senti wòb anba vant fanm **fanbre** ou pase miyami antre sent lisi fofile nouyòk kanada kebèk se nou ki ta pou ap kenbe se nou ki ta pou ap soutni **varèz syanm** nan sou ou ne nou se lakay li mare manman cheri bouk nou se ayiti li boukle koupe l koupe kanson dyaspora a tonbe dyaspora ap kache san kanson kounyeya mèt la di m non souple kisa pou nou fè se mèt ou ye se ou menm ki pou di m kisa pou m fè lè kesyon an fin poze mèt lekòl la manyen yon fèy papye li te gen lan men li divès fwa divès pwent ou a di repons kesyon chany lan te poze l la te chita lan **dechifonnen** fèy 8½ 11 lan mèt la swe li flank chany lan yon grenn kout je li pe sèk yon trèy pije vole bat zèl pap pap pap de chen jape woup woup yon rara 22 me ap chante pouvwa a yon kamyon jandam pase voun yon kolonn timoun rele weeeeeee pousyè leve pousyè gaye pousyè chankre anba wòb anba kanson pousyè fofile rantrè tout kote moun tout kote bouche nen lan yon ti boutik tayè lòt bò lari a apre tout bann te fin pase yon ti radyo jilyèt louvri disèt wotè ti radyo a pale lan nen li menase joure kondane **tralalap** tap li pran voye mizik dife dife nan kay la top li tonbe bay nouvèl lagè nouvèl lanmò nouvèl maryaj nouvèl divòs resin kale 2 a 0 nouvèl plezi **larevolisyon** manjera sè pwòp fis voup kadans la rantrè tibobo se bèl gason yon bon gason yon gwo gason tibobon mande bise yo bise bise bise jouk zòrèy bouke pyès moun pa ka di kwik tralalalalala ti radyo a pale li lwanje li felisite doktè papa bon kè **lonngpleying** voup ankò li voye mizik wenwen vaksin rara se bondye k mete ou se li k pou retire ou divalye papa ou a foure pye ou pi fon ti radyo a jwe li

jwe men li pa janm di ata nan yon sèl fraz pouki lakòz madan samyèl ap **ranyonnen** nan koridò pa dèyè kay depi granrann jouk sou sonson lekòl ak yo koupe fache y ap sèvi zòt an tèt bese imilyasyon devan dèyè kap voug bri taptap k ap pase a vòlè m 2 fraz men m pa kwè ti radyo a gen tan di poukisa pa gen pwojè pou agrikilti chanje figi pou abitan kapab jwenn tè pou yo travay pou yo rekòlte san dimwatye kap voug bri menm taptap la fè m pèdi yon fraz ankò men m pa kwè ti radyo a te ka gen tan di kisa k ap fèt pou madan batwèl ak tout ras li ka jwenn espwa pou chanje klas chanje katye chanje metye chanje estasyon sitiyasyon chanje kay ak pòt louvri bay sou lari ti jilyèt la **vonvonnen** tout lasentjounen li voye diskou bèl pawòl pou abitan laryè peyi voug li bat yon vodou pou yo men moun pa janm tandè ata yon ti pwent yon ti pwojè kouman silfiz ak sentaniz ap ka sote kòd fè rad pope oktòb rive lekòl kay pè mè siperyè louvri pou yo tou kap kap voug sa se bri yon baskil milisyen tonnè gade ki jan m repèdi 2 fraz ankò plis 3 talè yo fè 5 si se konsa m ap voug m leve m fèmen bouch ti radyo a detansa toupatou moun espoze legliz lakay lekòl lan **kandjanwoun** kote plezi mizik ap bouyi malè pandye an ne koulant chèf fè e defè fè m pa wè ou la a en wi e edisparèt ou la a wi **monkòmandan** cheri ann ale kouman cheri ann ale a m pa konprann ou moun k ap fè travay prezidan an pa gen dwa pou l pran plezi l tou men al pou kò ou kite fanm nan ban mwen kominis men men kisa kamoken talè m pa fè djòl ou vire dèyè zòrèy ou fwenk ban m talon ou demaske ou laaaa wonpeeeeeee kamoken madanm mwen kote **vsn** yo men yon rebèl la a fè travay nou **avozòd** monkòmandan ban m tire l fè m favè ban m blayi l ban m fè vyann pou chen lakay mwen moun mouri pou danri moun mouri yonn pa yonn yo touye moun de pa de pil sou pil fòs komin yon fanmi moun san wete yonn disparèt nan mibalè chwichwichwi di tonton makout te jwenn trak arebò kay yo malveyan fè **vèp** nan vil jeremi yo fè **alimpe** ak ti bebe voye anlè atrap sou pwent bayonèt kriminèl bay espektak devan simityè yon lamayòt espektak **makab** yo fè apèl entèl prezan yon pli katouch entèl absan moun jakmèl jenn gason jenn fanm ata pèsònay tèt blanch ti bebe lan bèso pa ekzante moun nan nò nan plato santral nan sid nan lwès tout moun **kèlkilanswa** moun inosan kondane divans tò o rezon tout moun alawonnbadè mare klete sou kle pingga kit mèt kit chany **sa ki rive koukouloukou a ka rive kakalanga** a moun pè pale pè chante moun pè ri pè pran lari pè kouri moun pè moun moun pè frape pye moun pè gade moun lan je moun pè di moun bonjou moun pè tout moun moun pè mache drèt pè mache kwochi moun pè mache kare pè mache tèt anlè moun pè mache fò pale fò ri fò moun pè di yo pè pè di yo pa pè moun pè fè wè yo pè fè wè yo pa pè moun pè fè wè yo konn pè fè wè yo pa konn pè moun pè pa konn ki lè pou yo pè ki lè pou yo pa pè moun pè fè wè yo brav moun pè plenyen sò yo

moun pè babye mizè yo moun pè kriye pou moun tande moun pè rakonte vwazinay ki jan ki **mannyè** pitit gason pitit fi yo disparèt moun pè di moun si moun fè yo pè moun pè pale ak moun moun kalkile moun reflechi moun pale piti piti yo di tout moun se moun tout moun pa menm lan yon kwen sou galeri lekòl mèl la chany lan konkonm kò l pou l klere soulye tout soulye ni pa moun ni pa jandam ata pa **makout** ak **fiyèt lalo** li wete labou anba yo pran prekosyon ak yo evite miyò pase mande padon tanzantan mche fè yon ti chante tou fèy o sove lavi mwen nan mizè mwen ye o kalòj pijon m chavire depi se ze tout kraze ala tray pou malere zòt viwonnen nou ansèkle nou nan mitan yon vèvè mizè alyemye pa fouti poze pwent pye li nan **papòt** kay lakay bonè pi pito kraze rak travèse latibonit janbe fwontyè anba fil fè lè mche fin chante kont kò l li tonbe bougonnen babye leve lan kò kit nòtredam kit zany kit sen men sentantwàn papa ou genlè avèg ou pa wè m anmwe m fini wi pawòl la di pèsèvere jouk ou touye vere ti mal mwen chany si m pa touye l m ap kokobe l kanmenm mwen k ba ou mèl la mèl la pa reponn li ri moun pale li pa tande mèl la te gentan pa atè isit lontan eskonbrit bokit anba tiyo dèyè lise pou ti gout dlo briganday azaryen nan bank bòlèt gage bank zo espektak **voksal** lan jwèt lewouj kay **mazenflen** laflèdichèn timoun santi pise granmoun aryennafè **dezevre** plante sou 2 bò lari yon tab jwèt bekasin lan mitan yon timoun restavèk **konkonzi** kò l lan plas pye beka a espektak gratis **lanmizman** pou piyay pyès pèp p ap ni fè ni peye senk kòb jòn divès radyo **louvri** disèt wotè bòlèt sendomeng sikwennta peso ap tire disèt volim madan mazenflen jwe 17 pou 17 pyas jan mò a te di pou l jwe l la demen swa madan mazenflen pral reve dlo sal lan tiray venezyela l apral jwe 69 ak tout revè jwèt bòlèt jwèt zo jwèt aza jwèt lewouj jwèt sòv se sous lespwa malere yo di lespwa fè menm pòv viv viv lespwa trimen redi travay pa bay aji byen moun debyen sa pa mache se antre lan jwèt la tèt kale tankou tout moun konn di yo di osnon rele pastè klodèl siyen kontra final lespwa bèl palè kristal pou malere palè pegivil pou byennere wete trip mete pay bizismann **izirye** legliz pastè klodèl fè m parye san m pa vle mouche fè m mize sou blan nan konkou pi bèl panama nan peyi san chapo byennèt nou fidèl se bay sa ou genyen pou n gen bèl pastè bondye beni pitit pastè madan pastè ak ras pastè eritye **divans** pou bèl mosenyè bèl repozwa jou fèt **lasonpsyon** bèl chapèl bèl legliz bèl zouti pou kwape zègrè pete malere yon lòt pa chèf se chèf tout kwen lan peyi a bade ak chèf arestasyon pasipala m arete ou poukisa o se konsa ou pale ak chèf se chèf wi k ap pale avè ou men mezanmi kisa m fè ankò pa ou menm k ap plede fè bòs karate ak jidoka fimen maratana lan katye bò isit la mwen fimen maratana monkòmandan sa ki rele konsa **monkolonèl** èske se ta mariwana ou ta vle di chèf mwen maritana marigwana m pa konnen pa fout poze chèf keksyon lèfini gade je ou gade bòb male lan

je ou je ou plen wege ladan l mache fwenk m al benn ou rebèl **kevouzèt** bourik byen sele ap sikile moute desann katchapika dyòl fizi ouzi louvri disèt lajè kalbas siwo pouvwa si plen ra dyòl ap koule sou makout **detansa** tè anwo lan mòn fin vide desann fil elektrik pelig pase devan papòt kòt fanmi volontè sekirite nasyonal nan mòn (**vsn**) se lavil yo al wè limyè elektrisite sèvi pou siveye moute desann moun lavil kat milisyen pou nèg andeyò kite jaden desann lavil vin fè rakèt vin sèvi gouvèlman an yo pran nèg mòn pou sitwon k ap pire nan karaf zòt ki toujou vle bwè n glòt yon pwen 22 22 sesi 22 sela 22 selaba 22 septanm avi avi nèt se 22 me li t ap tann pou li antere lelmi bouyon 22 me krim 22 me **demonstrasyon** pouvwa gwo lesto ti chèf gwo chèf sekretè chèf sikè chèf souflantyou chèf fizi bogota chèf seksyon **awousa** militè mouchwa wouj minis abiye glo ble pentad koulin an **bandoulyè** diskou alawonnbadè *le doktè avi pou tout tan èt en bulldozè* ki charye tout lè krabinay pou ale lè jete *dan loseyan endyen la mèm ou desalin è mò a la krèt a pyèwo* nan lari kou lakay moun mouri mal moun mouri pou dan ri yo blayi moun tò o rezon yo kraze pwofesè lekòl pou diskou refòme defòme *mè chè zelèv a mon navi* kisa repete sa ou sot di la a m pa sot di anyen ou pa sot di anyen kilès ki avi nan peyi a se ou menm osnon prezidan an ou gen rezon chèf la ban m lavi yo plat divès gid touris pou pawòl nan lòt lang pawòl yo pa ka konprann **good bye** se gwo angle k ap pale papa pawòl daki sou do pòv gouvèlman an pa sa mwen di blan an **goubay** senpman fèmen djòl ou kilès ki gen dwa bay lajan lan peyi a kominis lè prezidan an ap pase l ap voye lajan atè 20 kòb 50 kòb li konn voye lè yon nèg se kominis ou ye ou wè se pa anyen sa ou di blan an se goud pou li bay pèp devan o o kisa fout lonje dyòl ou ban m kalote ou anvan m fwenk pete kalbas grenn ou espyon yo genlè bliye si mwen m ka fout kraze kalbas lòbèy la en mèt la mèt la tandè mèt la konprann li pa reponn lèfini tou li lwen yo simen pwav potomitan limen tou wouj tonton makout gaye lan mezi rakwen peyi a moun senp pèdi larezon nèg klè nèg nwè vole gage pran kanntè anbasad chaje ap derefize sa ki pa vle kanzo pa zanmi kanzo men ou lan ka men siga ou yon grenn soulye fin klere klin chany lan kanpe de bra louvri li pran plenyen de venn malè pichon madichon kraze barikad fè chimen lan tout kò koridò lakay nou ala traka mezanmi se lè tribilasyon ap rapousib yon pòv malerèz tififi tou **chèch kò zoklimo zo bengo zo lamègzo akoukouman** an zonbi depi kèk tan anba yon chay kolonn mò touse mèt la te andedan lekòl la koze a fè l soti voup li parèt ap pale ak de men l dèyè do l men pouki tififi pa mouri pouki li oblije la poukisa li oblije viv menm labanyè lamizè kannale moute jouk kote van vante pou l kadanse kadans maladwat 2 ke chemiz tèt sou lòbit ren plagatòks sou **lawoulèt** topi kalbas ala tray mezanmi pouki lakwa pa t pase drèt ale san vire tèt lakwa kanpe lakwa moute jibile douvan papòt moun



sennesòv lakwa deklare li p ap fè yon pa kita yon pa nago ayayay pouki m pa t fout jwif lakwa pa t ap janm pèmèt li sa ou di en mèt la kalkilasyon **alevini** lan tèt mèt lekòl la janbe lan nò tonbe lan sid moun blayi sou vant **faya** grangou moun plenyen kriye babye lamizè moun boude prèt pou pete moun bougonnen moun madichonnen **ansasen** malfektè lemechan moun lapriyè moun jete sèl moun simen klou moun di lougawou m pa pè ou se moun ou ye douz timoun **fougonnen** yonn sou lòt douz ti inosan fè tiyon dèyè yon gadmanje yon desen lougawou je wouj djab ap vonvonnen nan **kwenyay** kay madan masèl kilès moun lougawou sa yo ye kilès moun ki gen dwa vin pran moun kilès moun k ap kidnape moun nan mitan lannuit timoun malelve lonje dwèt jouda sou zo **kingkonng** angran frekan radiyès pèmèt vsn mankedega espyon derespektan kaye lan tout katye kazèn pentad tonton makout milisyen manchèt an bandoulyè fiyèt lalo an kòbòy pè revòlvè ti kalap pè bòt zipe michan linèt nwa ti alfrèd arete manman m tonton lendò tonton ejèn **disparèt alenfinitif** tonton makout popetwèl tonton makout tout ras tonton makout tout koulè tonton makout mache sikile jwe lan figi moun **kèlkilanswa** nati kèlkilanswa laj granmoun tèt blanch timoun piti **jèjan jèni** tout moun badijonnen **ey ipi** ou menm wi sa ou ye ou pa konnen manman simòn pa vle wè ipi lan peyi a manman kisa fout bouda ou la a ap vin mande manman kisa espre ou fè kamoken o mwen kouman se manti m ap fè ou pa ipi ou pa kamoken men longè très chive ou bab ap pouse alòs se kastwo komilis ou ye ranje fout tèt ou ban m wòz li ba ou sandinis dyòl lang mare disèt ne doub pawòl antòtye plotonnen pawòl fè viwonn yon bounda kalbas pawòl vonvonnen pawòl jouke rèd zòrèy akaryat zòrèy **anchimè** zòrèy frajil djòl lang koud pawòl ploye pawòl petevi pawòl anpil pa fouti ni pale ni ekri pawòl rete yo dechte tou kachte andedan bouch rekòt pawòl gaspiye pèdi yonn apre lòt lapli pare depi **avantyèreswa** tan an mare tan an boude prèt pou pete yon kout zèklè **deklannche** syaou nap syèl la filange jouk lan zo dlo pral chavire lavalas lapli pyè loray chen pare pou bwè dlo jouk lan nen rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo gòj mwen bouke nan wouke nan gwonde fawouche **mòtsezon** move zè move rèv vi frajil vi lavi rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo dwèt mwen bouke nan tate nan **pyange** rapyese ti detay tout retay fil lespwa souf lanmou rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo gòj mwen bouke nan hele nan kwape **mò vivi** espedye mò bwòdè gwo dèyè toulimen rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo pye mwen bouke nan chache ki kote nan ki rak chouk lavi dechouke ap seche ak **katach** rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo gòj mwen bouke nan kwape nan rape tout lachte tout **fenyans** pèd lafwa p ap gaya dezespwa rele ti zwazo ban mwen ti zwazo ti zwazo je mwen bouke bouske **debiske** ki kote moun se moun moun ka ri moun ka jwe moun ka viv tou vivan rele ti zwazo ban

mwen ti zwazo ti zwazo ou konnen nou bouke ooo ou a di ou te kwè mizè fèzè krazè te avi pou tout tan avi lavi pa lavi pa avi p ap gen avi **lavidiran** men yo di politik se kaliko chanje bò menm koup menm koulè mèt la pouki pou ou kwè sa ou pa pito eseye chache vire li tounen li chanje l bò vire l lanvè **devan dèyè** yon bon ti kadè pase chany lan devan pòt lekòl la li pa di kwik ou menm mwen mèt la kisa ou ap fè deyò a ki fè m pa tandè bri ou menm nan kisa pou m ta ap fè mèt la se pa soulye mwen konn klere ou ap klere soulye tèt kale mèt la se konsa ou alèz kou blèz sa ou di nan klere soulye anyen ankò tankou tout moun alèz lan metye pa yo mèt la ou menm mèt la se mèt lekòl ou ye ou pa wè jan lè ou pran pou ou pale ou pa mande rete mèt la alòs konsa tou lè m pran klere yon soulye fòk mwen klere l lan gou pa m kou do soud kou glas kou dan zonbi **bòpo** na pa de so metye mèt la kouman tout zanmi ou se chany yo ye tou o zanmi kijan zanmi an mèt la te gen sa ankò chen ki gen zo lan bouch li konn gen zanmi mèt la mèt la pe sèk lespri l pati al chache repons lan **plen mennuit** yo mare **konfyolo** ak fòs pouvwa kowonpi ak **malveyans** yo sakrifye zanmi zanmi fini pa gen zanmi ankò zanmi devan byen dèyè mal zanmi pè zanmi zanmi trayi zanmi vann zanmi pou kras manje trayi zanmi pou sove ti tèt yo ti po yo zanmi leلمي zanmi derekonèt zanmi pou pozisyon pou detwa fèy papye pyas zanmi denonse zanmi kòm kominis ipi sandinis **karateka** layatola kamoken zanmi bay zanmi manti zanmi eskanmòtè zanmi pale zanmi mal mezanmi zanmi fini pa gen zanmi ankò zanmi souflete zanmi zanmi bliye zanmi l zanmi **fiziye** zanmi l pou plezi zòt pa fòs pouvwa zanmi ansasinen zanmi **danfans** zanmi anpwazonnen zanmi zanmi fini pa gen zanmi ankò pou pozisyon sitiyaasyon zanmi fini pa gen sa ankò yon lòt pa tan ap pase tan ale lamizè kaye pouriti donneren vè doulè mechanste layite kò yo kònen lanbi sonnen ason simaye sòm fè yo pale boule lansan grennen chaplèt mache pèlerinay fè **aksyonngas** jèn lan siyon balanse grèv konte zak yo annou pousib chache demaske **defouraye** dèyè konbe bawo feray yo anchennen kouray nou lan ki poto kalvè ziltik yo al krisifye lespwa nou lanjelis **lapawas** karyonnen gwo midi zòt fè nou wè pak nou anvan karèm konbe chapit libera pè klodèl resite konbe **deviray** wòb dèyè jenerasyon nou zegui pingga an barikad **rebò** lang nou nou mèt gade koute wè tandè kalkile kondisyon poze sou ban klas nou je wè bouch pe nou serye nou pa sis yo fè nou tann yo pa vini ki dwa zòt chavire kalbas jete dlo fre sous lespwa nou granmesi lafwa granmesi lafòs kannari kè nou poko kraze nou deja wè rimay finisman madichon rasin malè make fann bit n ap **debiske** tout pozisyon tout move grenn n ap annile kèk **fòskote** pou nou kontre barik kè pèp la plen jouk lan bouch pèsenti make fann krich fyèl nou fele blad vant ap tranble kòd trip prèt pou kase men nou gen 2 men 2 men pou nou travay pou nou ka manje demen pou nou pran kòz

nou nan men men nou gen 2 men 2 men pou nou frape lè pou nou antre pou nou bat men lò sa mache pou nou mache men nan lamen men nou gen 2 men demen se pou nou n ape goumen pou demen miyò fòk demen nou kapab pi bèl men nou gen 2 men se ak 2 men nou bat bravo chalbari tou se ak 2 men si 2 men nou nan goumen se pou demen nou ka poze men nou gen 2 men yon men pou fè byen yon men kont malen se konsa sèl pou demen nou bèl mèl la leve 2 men 1 li frape yo lan pòt lekòl la bow mèl la an denmon lèt kaye 1 moute 1 sa li ye la a poukisa tout sa rete konsa yon **konsoumatou�ès** tou pre pou pase yon pèp **koukouman** ap di ase fòk kanmenm nou chanje sa tanpri souple pa pote delivrans si se pou sa nou fenk kare lan soufrans sa ou di mèl la yon espedisyon zannimo **brizè malfèzè** krazè makak kanpe depi tou pre trant an lan **dengwenn** nou jouke pèp la antòtye jenn gason jenn fanm kofre pouvwa lentèlijans vanyans tout jenès la men sa gen pou l te debouche yon kote hey pa nenpòt ki kote mèl la epa ou pè kò ou a se mèl kò ki veye kò mèl la fòk tou sa ta vin debouche sou yon move **lanbouchi** rasanbleman malouk **plenyman** pa m ak **plenyman** pa ou rezinyasyon pa m ak **kèsote** pa ou imilyasyon pa m ak avilisman pa ou kout baton pa m ak fò dimanch pa ou fòse bay pa m ak kadejak pa ou prizon kay pa m ak ekziltik pa ou pran kè pa m ak kriye pa ou sikatris pa m ak moso manm pa ou dekourajman pa m ak degoutans pa ou sakrifis pa m ak feblès pa ou vèy pa m ak dèy pa ou doulè pa m ak tray pa ou pèd pa m ak pèd pa ou de nèg yo gade yonn lòt yo tonbe ekza menm refleksyon vanse boujonnen menm rèv menm panse menm pawòl aaaaaaaa lenvansyon woulo dechoukay woulo dechoukay vwala di l fin di sa mèl la gentan kite lespri li pati lan kalkilasyon jouk nan ziltik depi lontan n ap kriye mezanmi sa fè lontan n ap kriye mezanmi nou vanse kriye yon latibonit dlo divès kanmarad neye lan kriye divès je pete lan kriye divès je chire chinwa lan kriye moun avèg lan kriye timoun petevi lan kriye granmoun **annanfans** afòs yo kriye divès fanm ansent lan kriye divès fanm avòte lan kriye tout moun ap kriye toupatou y ap kriye yon fanm ansent gwo vant divès mwa tanmen foubi rad timoun rad granmoun kan son kaki jandam kazèn jòn kanson fè sou galèt larivyè lavòldwòg jeremi depi ti **joubmaten** twa pitit gason fanm nan twa timoun twa ti zany tonbe pip pip pip yonn dèyè lòt anba bal jandam mèl kanson fè ki fin **defilfaya** ti fòs malerèz la rebò larivyè a fanm nan kriye mezanmi fanm nan kriye jouk li kriye san rive sizè diswa lanjelis ap sonnen sis kou benng benng benng benng benng dlo lavòldwòg pete bow lavòldwòg plen jouk lan bouch dlo lavòldwòg desann dlo lan gonayiv tout dlo debòde dlo **bouchi** dlo letan dlo marekay dlo anba diri latibonit dlo pi dlo rigòl dlo sou fwontyè dlo anba kav lan simityè dlo lasous dlo lanmè dlo lagon dlo rezèvwà dlo souspyant dlo bwadchèn lan pòtoprens dlo gaye ranmase **demezi** se **tyanpan** lan lòt kwen anba galeri

lekòl la bwat chany lan klete **rèdmare** ak yon ti **kadna bouzen** wouye ti ban an chavire fas ba yon moso blòk sou li sèl gad tikal tan pase mèl la pran yon sèl sezisman lè l gade chany lan k ap parèt ap **gagannen** depi lan wout woulo dechoukay la mèl la se tankou yon kokennchenn lavalas k ape desann ak bèf estati li charye kay li bwote zòrye grenn zaboka aaaa se pa **petaw** li bwote chwal sele ak tout lokipay makout sou do lèfini dlo a pase li fè de viwonn lan simityè li bwote mò li bwote sèkèy li bwote planch li bwote zo li bwote linèt linèt mò ki te mouri antere san repantans mò malentespri mò k te mouri san batize mò ale pa tounen mò move nanm **lenmò** mèl la pèp souvren dlo a pase l charye l dechouke l defouraye ata kokennchenn estati kristòf kolon estati sa a te plante depi dikdantan lan tan kolon esplwatè lè prezidan bann machwè pa t ko menm konn si l ta fèt dlo a bwote ata dife mèl la dife lanfè lisifè **konsoumatouzés** gwo ponpye pa t sa ka **brinding** chany lan soti pati lan dechoukay mèl la blayi lan refleksyon lòbèy majigridi **malefis** fin pran tout plas moniman lan **demezi** kwen lan peyi a nan pòtoprens moun bèlè pa gen dòmi lannuit eskandal lobo rèl yo antere bèf tou vivan anba lakwa yo menm di se pa bèf se moun vivan desounen chwal ap pyafe pwonmennen sou talon kikit tout lannuit lan site a ti kalap ti machin nwa ak vit lafimen tonbe sige san fè bri menm lan koridò ap ranmase moun bwote moun souse san moun oo tande mèl la **palann** kristòf kolon mèl kesyon ou konnen m konnen an li lan dechoukay nèg ginen nèg lafrik dahonmen mè **wi mèl** kesyon **bizawèl** konfyolo laskazas pwofite fofile rantre lan **dechoukay derasinay** rès semans **vivasyon** nèg ginen sou tè n ayiti mèl la y ap veye alonzo veye zo ou si ou gen zo lè ou ap bat chen ou pou ou drese l pa janm kite kòlè bwote ou jouk pou ou pa wè si vòlè pwofite rantre vin ede ou bat li jouk li touye l pou ou chen mechan ou se chen mechan ou drese l vòlè se vòlè veye l se pa chita mal mèl la mèl la tuipe yon kout tuipe long konsa tchwi w w w wwwwwwwwwww politisyen kominote entènasyònal fè **rimay** vin ride nou dechouke y ap vin tabli demokrasi y ap vin rezoud tout pwoblèm peyi n ayiti maladi n soufri a se pa li mòd doktè n sa yo vle trete jete jete depi anndan bwakayiman boukmann mande jete pòtre tout bondye blan jete boule tout mas blan kamouflay mawonyay rejete rejete yo fè konplo legliz leta pou yo derasinen ginen gede adye bondye podyab gede pòv gede trip marande gòjèt djake pye poudre adye bondye pòv gede 2 men 2 pye **drivayè** san lone vye fèy chifonnen nan silabè listwa listwa vye nèg tribilasyon imilyasyon adye bondye podyab gede memwa listwa fas blanch mas blanch kolon panyòl kolon franse kolon angle figi tonm lan simityè sèvitè bawon chèl lanmò lelmi lavi lan kan vye nèg podyab gede adye bondye pòv gede wony wony wony wannenm ban mwen gede tonma wony wony wony wannenm ba yo savann zombi wony wony wony fòk sezon lapli sa a n al ride gede simaye

sèl toupatou maladi n soufri a se pa li mòd doktè n sa yo janm vle trete rechte rechte depi nan machan desalin papa pèp la te rechte kesyon pitit kolon eritye kolon pitit ginen eritye anyen an preche preche yo fè pèp kwè se yon eritay pou nèg mouri nan malsite konmkidire konmkidire lavi ak lanmò mare konplo an **ne koulant** nan pasay kay mwen konmkidire zetwal polè pa m nan leve lan sid **letwal** dimaten mwen leve lannuit lalin lavi mwen plenn avòte jou pou jou gwo midi konmkidire pye sabliye m donner yon mòd lespwa tounen **jouva jouvyen** sa p ap chanje konmkidire branch lamitye m sispann donner prèv lanmou nou derasinen jouk lan kawòt konmkidire kaliko ble nou pa ble 2 bò depi nan izin yo tenn yon bò yo kite yon bò konmkidire lan miwa lavi kou miwa lèzany yo wete pòtre m yo mete pa yo ak pa zòt tousèl kòmkiidire maladi n soufri a se pa li mòd doktè n sa yo janm vle trete chanje chanje depi tan en ak fidèl yo mèt la mande pou n ranmase epi sonje (òganize **ramas** ladim ofrann **kotite** sakit zaka elatriye tansèlman pa bliye rezon rama la se fè l travay bay ranman pou nou ka separe tout benefis ak tout manm yo) danje danje yo preche moun rezinyasyon richès latè se pou ledyab ak tout lòt moun ki lan satan ( ) yo menm y ap jwi se gras bondye pouki moun pouki moun klòch katedral fè eskandal blenngbendenng blenng midi lasosyete latabèsèvi pouki moun monsenyè entèl fè bèl tedeyòm chèz a kousen swa aliye 1 2 3 4 premye ranje pouki moun baryè lekòl tou laj louvri san pyès **blokes** monpè mamè madam dirèk fè lomeyans bèl ti zanfan pouki moun mouche doktè tousuit tousuit pa janm fatigue pouki moun mèt avoka jij jijdepè bay bèl chobiz antre nan koki griyen trannde pouki moun lanmè sayira ap layite ble blayi sab blan pouki moun yo moute pri sa k bèl sa k bon sa k santi bon pouki moun min sab laboul fè lajan fè boul choute nan bank suis pouki moun tout gwo izin kou **larenòls** nan miragwàn fouye tout min woule machin manje kouray pouki moun lajan sere ponn e reponn marasa 3 pouki moun zetwal file anwo lan syèl pouki moun siperyè moun maladi n soufri a se pa li mòd doktè n sa yo janm vle trete zouti zouti depi twòp tan nan tèt leta sitwayen sitwayèn ap envesti konfyans simen lespwa y ape plede mande zouti ki ka itil demokrasi pou yo ka fè devwa epi jwi dwa yo kòm sadwa mati mati yo pito fè n ap kraze rak pouse n pati al pase mati yo pito yo pito ap toufe vanyans pase pou yo kwape malveyans yo pa vle pyès limyè konsyans limen sou rezon lòt la pou l gonfle pou l boude enève ponpe eklate pouse grif pou l kwape move lavi yo pa vle mezire ni longè ni fondèt yon reyalite makab kote lamizè malokipe meprizans malonnèt imilyasyon pase pou nòm al pou vivasyon fòse pèp ap sibi nan yon sosyete ak fòskote men je l men pa ou yo pa vle pran pèz dezespwa pifò moun nan yon sosyete manfouben anlegad yon sitiasyon anvlimen kote moun ap pran pòz siperyè moun ap pyafe pilonnen dwa moun depi pi plis

pase 2 syèk kilès ki responsab bon fòs malè nou di m kilès granmesi tou mouche veyatif pa gen dwa janm bouke veye pou li ka devwale kilès ki mèl kalbas dezagreman an anpil doktè fèy divinò sèvitè lwa vodou mouri inosan anba men fo dechoukè dechoukè **malatyonn** kaptenn lan dòm kaptenn toma ap wonfle li soule men li san lè leve pou tout bon jou li leve ayayay batiman an gen pou li gouvène byen pitit pèp la pral sèvi dayiva lan tout laviwonndede pou nou veye tirayè soumaren tòpiyè tout kalite pirate ou tande men wi mèl la m ap koute lè sa a vi a pral dous tankou vyolon anba dwèt paganini men li te mèl lan san tan mil an mèl la fòk vi a gen pou l dous tankou **siwo lòjya** fòk yon ras mwen goute fotèy siwèl prezidansyèl sa a kanmenm mèl la ou genlè la pou kontrarye moun sèlman kouman fotèy prezidansyèl sa a ta fè dous la di mwen non o mwen mèl la o al mande nèg **kng** yo mèl la sibreka kenbe grap ou kaptenn koukouwouy gen pou l reveye pa janm bliye sa nou gen pou nou pran gouvènay boumba a ou tande men wi mèl la m ap koute vi a gen pou l fasil tankou 1 e 1 egal 2 san jeretyen mèl la tankou lesan katechis san dènye sakreman mèl la san lè sèt peche kapito degoutans moute lan kè nou plen rabòl degout bout jouk tonbe sou ou tak tak **vegleyans rayiman** nou **an chè mèl** fèmèn tout pòt mande padon nou jete tout vye bag rekonsilyasyon lan kalfou derefize nou moute lanmè al pèdi kle **rebyen** lan **tobout fenfon** kannal nou pase nou rape yon makonn lamitye pou n sa evite tout jòf nou chifonnen pye lyann **zanmerantay** lan fant 2 dwèt nou derasinen tout tchatcha sous plezi **kwokay** wowoloy nan tan lontan yon moso kwi sou larivyè desann ap navige tout santiman bwote ale 2 bouji nwa 2 blann balèn ap boule pasay lan yon po kòk ankè yon van tan chanje pase pye li ape gaye lapousyè **zanmiray** boule ansann lapli degoute lapli tonbe tras ale solèy leve **rayiman** pouse 2 boujon jòn andire 2 kòn towò bri debri ri granri lanvè sant lodè simityè moute odè mò odè yak wouch kè m plen mèl la tande tande yon vaksin se **lepèpsamiz** mèl la k ap voye kadans sou rit dlo k ap desann dayiva kanpe **mapotyò** pa t janm konn dlo li t ap bat chifonnen dlo pou bèl payèt bèl demonstrasyon plim vole plim gaye zepon kase makak antre ke l kòk gagè kòk kalite tout te bobin **nadmarinad** dlo sou plim kannan chany lan fè sa pou l soti mèl la rele l lan non metye l hey ou menm chany ki moun ki rele chany lan apati jodi a mèl la non mwen se swafèt mwen pa rele chany e ou menm ki jan ou rele menm men mèl mèl mwen rele ki mèl sa a mwen pa lekòl nan men ou nonplus tou se pa fouti mèl manman ou te fè make sou batistè ou se lan demokrasi nou ye la a pale m klè aaaa non danfans mwen se kraf voye je ou nan fenèt deyò a kraf sa ou wè woywoy kafouyay tout bagay gaye melimelo anyen pa egzante moun pa sa konnen sa ki bon mas sa ki madigra sa ki fyèl sa ki myèl lèt chwazi sitwon kòm asòs lan yon jwèt domino sa ou di nan sa kraf esans lan bouyon yon

moso glas 20 kòb ap fonn lan tas kafe amatè kafe cho twa chat ap veye mantèg nan boutik kay madan gistav la a m pran ou fiyètlalo ap karese timoun fè dodo titit kote ou pran m lan piman ak je ap fè je dou maleng chwazi mouch pou parenn nòs li ou menm se legen pou moun ba ou ou ba ou legen mèt la mwen pa mande legen mwen p ap pran legen lan men pyès **tirayè** nou nan tan goumen se pou nou kanpe goumen mwen p ap bat ou atè ou pare sa m genyen pou m pa pare a bèlte lèdte lan gwo **zanmerantay** ou ta di lèt ak sitwon m jwenn ni tan an mare syèl la lèd foto figi annafè bouch pa manje fè lang anmè goute fyèl **bèfse** lan departman pa m lan ou ye la a pè klodèl lave manman m pwòp koulè dra lopital jebo kalkilasyon janbe pòtay sèvèl tankou machin k ap bwè lari oo se poko oo ou sa pa la ou ye ou ap gen kont tan ou pou ou wè degenn pèp nan demokrasi bon ase la m ap bouche bouda ou ti makak te vle kanpe rès sanble bout ke papa l a la a m ka di ou genlè anfòm wi ti mal kraf papa non mwen se swafèt m pa rele ti mal pa rele m papa m pa papa ou nou sanble chat ak chen ki lan gwo zanmitay tankou se de gout dlo sou yon menm wòch galèt ki ta menm ka dòmi kole kole menm chat sa a ka ap grate kap lan tèt yon ti sourit ki pa fin rantre lan twou l nèt nèt chat se magouyè l ap fè ti sourit bliye kò l soti lan twou l pou l sa manje l ankè men tou chat pa konnen si gen yon dlo cho k ap pare tann li lan menm ganmèl li bliye m sonje a kite m fè yon koutpye deyò a kraf fòk m al tandè sa k ap paseeee soti swafèt soti kraf replonje nan refleksyon si m vle konprann byen se pawòl grenn pa grenn nou t ap simen siman se yo k rive pouse pete fann bit se pawòl sa yo ki boujonnen pikan kwenna sowosi amè ak pwa grate siman se sa kraf kote ou kraf vin tandè lòbèy m vin ba ou bon zen kraf kòwòt **lagrandjab fiyètlalo** makout ki te rele tèt yo potomitan pou kaponnen moun fè moun pè mache ni lannuit ni lajounen nan ravin fanmpadra nan twou kannari anwo mòn okay sere ouzi tèt mò ak mouchwa wouj ap sikile bay bib chandesperans tonbe preche labònouvèl tèt zòtèy yo pèdi nan peze sa fon antre nan tè kris vivan padone pechè pa fè revany padone mechan nou tout se frè ak sè rekonsilyasyon tètansanm *kris revyen* pa ban m laviwonn pwotestan lan sous pyant kraf disèt fiyètlalo kanpe rès serye kou pen rasi kou mouche lenmò ap batize yon deplotonn ti inosan frè ak sè lan kris fo mamit o kote ou ap demarinen chay manti sa yo se deyò a m soti kraf monchè tout radyo nan peyi a branche radyo ayiti radyo nasyonal radyo dyòl tout ap bay nouvèl woulo nouvèl kouri nouvèl makout nouvèl pèp souvren zen dechoukay mèt la koze a kase mesye yo toke kòn yo bon regleman pa fouti gate zanmi swafèt repati lan dechoukay kraf rete lan lekòl li ki rele l chèmèt chèmètès pou l ekzamine deplo tonnen imaj souvni ak refleksyon yon kolonn atoufè parèt kale ble vèt yon lantònwa move zak brase bouyi moute tout peyi a enstitisyon leta kou òganizasyon sosyal antre

lan won pouriti moute rive jouk lan tèt legliz mè entèl penyen lage ouvri pòt bay zòdi antre pè klodèl kanson san fouk ouzi pandye anba soutàn pastè klodèl lan jwèt asòs ap desounen andòmi fidèl bagay yo gaye yon kolonn gwo bèl pastè klodèl toujou pwòp toujou fre ou ta di pen bwat premye janvyè tokay lawon gòch anvan batman tenèb ou a pale franse pa ou ou a preche bèl pa ou men ou a egoyis pa ou tou yo abiye ak *pierre cardin* zong yo pweni klere swa ak baz sa pa janm sal **alewè** kase parese kon yo nanpwen dan yo blanch kon dan zombi bòpo afòs yo jwenn kòlgat pou yo gaspiye yo toujou ap **balonnen** afòs yo afre yo manje mal zanmi lajan zanmi pouvwa leلمي malere leلمي kòz pèp lè moun ap mande pouki monsenyè entèl **eskominye** madan samyèl yo pa reponn poukisa mè siperyè pa pran silfiz ak sentaniz nan lekòl li yo tuipe nou nou mande poukisa frè direktè ap ranje ban moute 2 kan timoun lejitim sou bò dwat timoun natirèl sou bò gòch yo kwape nou epoutan baton an se yo kawòt la se yo chèf konpresyon se yo chèf piston se yo yo fòse nou mande yo si nou vle jwenn ti lasibab nou mande yo limyè pou kay lakay yo lage nou lan lari anba zetwal nou mande yo angrè pou jaden yo konble latè ak fatra lanmò nou mande yo rechany tounèf yo **fokse** jèn ak lijiyèn lan vann nou pèpè nou tounen mande yo travay ak swenyay yo tounen ba nou rechèch ak fòdimanch nou mande yo koutmen anba chay yo ba nou kout pye lan tout kò nou nou mande yo chanjman nan lachòy yo ba nou li menmjan nan lachanm n ap mande nou kibò n a rive lan mande yo pè klodèl se pè gwo legliz pè katedral ki pa fè jeretyen sou lakorisyon benyen san kache lonbrik dezòd alawonnbadè pouriti chankre toupatou tout moun mele pyès moun pa sennevòv kay òfèv chaje zanno yon grenn pou chak moun kèlkilanswa moun sòf yonn san di pètèt koute m mè la pè klodèl resite divès chapit move priyè lan dèyè divès kretyen vivan pè klodèl mele kou fil zarenyen li tranpe jouk lan bouch pè a tranpe lan sòs pyès moun pa senne sòv poutan gen pè ti legliz pè tkl ki san lè jete soutàn ki derefize fè lamès tèt anba pou pèp jepete klere yo gen rezon di tout monpè pa pè klodèl gen monpè ajibyèn zòt te fòse vole gagè mache pòs pran lafrik ekziltik nan dyapora nan miyami miyami peyi kanntè miyami lanmè simityè miyami lespwa lavi osnon lanmò miyami soufrans miyami degoutans miyami peyi kote moun **demounize** moun fè moun tounen anyen tounen bagay tounen yoyo tounen kobay tounen jwèt tounen kokorat tounen bèt pi mal pase chen a tout pè se pè kraf monchè lan miyami tankou isit an ayiti gen bon pè k ap mare lalo pou sa chanje tankou gen bon sèvitè k ap fè gadyen nan kan pèp la swafèt ou pa di ou gen kasèt la a fè m koute yonn ti pè ti legliz ka chante lamès pou ayisyen nan legliz miyami lesenyè avèk nou tout li avèk ou menm tou monpè annou lapriyè pou syèl ak latè ansanm ansanm ride nou rich pòv tout pou viv poukisa piti ak gwo pa fè yonn chak



fè yonn yonn pouki gen bèl moun lèd moun tribòbabò chak yon bò yonn pa gen dwa antre lan lòt poukisa tout sa konsa annou chante fidèl fòk nou tout ansanm fè yonn fòk nou tout ansanm fè yonn se lòd tousen te pase nou pa ka rayi san nou nou tout se san desalin li menm li rasanble nou fòk nou tout ansanm fè yonn yon grenn kou tankou yon van k ap leve lan **fenfon** yon chan banbou nou tout fè bèk atè pou nou salye lakominyon men pawòl sila ki kanpe lwen an **bridsoukou** nou wè frè ak sè nou yo k ap mache pòs yo al chache lavi lòt kote yo deplase paske lavi yo menase depitan nou wè ou a di yon nyaj nan van k ap gaye tribòbabò yon makonn fèy yon bann grenn degrennen sou larivyè k ap desann konsa yo vini fè ti pil gwo pil toupatou kote lavi a jete yo menm lodè alkali pa ase pou ba yo kè plen repiyans **ladegoutans** se pa fòt yo se fòt gwo van bosal la k ap jete yo deyò peyi yo annou di sila ki kanpe lwen an mèsì mèsì mèsì anpil sila k ap kenbe konpa fè nou poko bliye kouman pou n leve pye gòch nou an annou chante vin benyen ansanm vin benyen nou tout ansanm pa moute ti pil pa ou pou kò ou vin benyen nou tout ansanm pa kite lajan depaman nou vin benyen nou tout ansanm gwo grenn zye zye klere kou lanm kouto zèklè ride nou gade pou nou sa wè klè fèy zòrèy k ape balize tandè pou nou ka tandè apre ou men pawòl klè tankou dlo kokoye a poubèl la toujou la laj louvri tankou pòt katedral pou li resevwa tout fatra tout bon fatra ki voye pousyè lan nen ak lan je zotobre lè van pase kote bon fatra sila yo soti se pa jodi a y ap ranmase bon fatra kote labou pimpe jouk lan nen voye jete nan poubèl k ap pran chimen lakou kay zòt lapriyè pou yon jou bon fatra rete chita pawèze lakay yo sispann vwayaje lè sa a p ap gen zotobre estomake lè van pase brase bon fatra leve lapousyè laverite sou tanbou laverite o ala bèl ou bèl nègès san ras blanch san koulè marabou san klas depi nan tèt jouk anba pye ou santi bon ou santi flè ou santi fre divès fwa divès kote pou divès rezon zòt konn degize ou makiye ou moun **derekonèt** ou podyab laverite boubout cheri mwen kè ou se **laparans** ou laparans ou se kè ou laparans ou se ou menm ou gen bèl **kareti** doubout layite ni an pani boutèy blanch ou se miwa klere glas dajan ou se chanmòt vitrin san galata san **pòtsan** sekrè manman tanbou verite manman cheri mwen ay lè ou ava frape gwo jounen ala danse moun pral danse pawòl la se pou nou annou resevwa l papa bondye n ape lapriyè lè nou sou lanmè a pou dyòl reken ou a voye sou nou yon po ki gen dan asye lè n ap fofile anba fil fè **koukouman** anba wozo ou a voye sou nou yon po kou po karèt lè mèt lakou ap kase ze pouri boule lansan ak alkali lan papòt kay nou ou a ban nou kouray pou n sa bouche twou nen nou men epit pa nou labalèn lan fon lanmè pa brase dlo fè toubouyon si se pa t disèt kolonn reken k ap fè kòtèy lan bouda batiman nou sa ta dous nèt latibonit ba nou dlo pou nou janbe manman l sèl pwoblèm se ak bèlmè l n al kontre pa lòt bò zwazo lan

bwa fè kout san lè li wè do l pa sa pote moun sove moun mete deyò danje deyò lanmò o ala bon ou bon sila ki pote nouvèl ba nou di nou peyi kote li soti se tankou yon gwo prizon kote tout gwo brenn lòt kote tout moun tèt anlè ki t ap defann kòz pèp lòt kote vin fè tiyon tankou sou yon gwo poubèl annou lapriyè kònen lanbi sonnen ason simaye sòm fè yo pale boule lansan grennen chaplèt mache pèlerinay fè aksyonngas jèn lan siyon balanse grèv konte zak yo annou pousib chache demaske defouraye dèyè konbe bawo feray yo anchennen kouray nou lan ki poto kalvè ziltik yo al krisifye lespwa nou lanjelis lapawas nou karyonnen gwo midi zòt fè nou wè pak nou anvan karèm konbe chapit libera pè klodèl resite konbe deviray wòb dèyè jenerasyon nou zegui pingga an barikad rebò lang nou nou mèt gade koute wè tande kalkile kondisyon poze sou ban klas nou je wè bouch pe nou serye nou pa sis yo fè nou tann yo pa vini ki dwa zòt chavire kalbas jete dlo fre sous lespwa nou granmesi lafwa granmesi lafòs kannari kè nou poko kraze nou deja wè rimay finisman madichon rasin malè make fann bit n ap debiske tout pozisyon tout move grenn n ap annile kèk fòskote pou nou kontre annou lapriyè pou syèl ak latè ansanm ansanm ride nou konprann pou ki moun klòch katedral fè eskandal blenngbendenng benng midi **latabèsèvi** pou ki moun mouche prezidan zuzu **turlututu** pale franse pou ki moun monsenyè entèl fè bèl tedeyòm chèz a kousen aliye 1 2 3 4 lan premye ran pou ki moun baryè lekòl toulaj louvri san pyès **blokes** pou ki moun mouche doktè tousuit tousuit pa janm okipe pou ki moun mèt avoka bay bèl **chobiz** antre nan koki griyen trannde pou ki moun yo moute pri sa k santi bon pou ki moun lanmè sayira blayi sou do layite ble blayi sab blan pou ki moun min sab laboul fè lajan fè boul choute nan bank suis pou ki moun izin asko ap fimen kann manje kouray ap voye nway maten midi swa pou ki moun izin larenòs esplwate min fouye tout min lan miragwàn pou ki moun bank nasyonal chaje ap vide ak kòfrefò pou ki moun lajan sere ponn e reponn marasa 3 pou ki moun zetwal file anwo lan syèl pou ki moun siperyè moun yon konsoumatouzès tou pre pou pase yon pèp akoukouman ap di ase tanpri souple pa pote ladelivrans si se pou sa nou fenk kare lan soufrans annou lapriyè pen sila kote li soti lan zantray latè si nou byen separe l gen dekwa pou chak moun jwenn moso ni mwen menm ni ou menm monpè ni lòt k ap lonje men tann li te fè pen ak diven pou chak moun te ka jwenn pòsyon pa yo nou tout wè sa pa fèt konsa se fòt pa m se fòt pa ou monpè e se fòt nou tout fòk nou fòse sa fèt konsa granmèt lapriyè nou twòp pou dyòl nou pale lan pawòl nou ou ap manje moso pen sa a m ap kite pou frè m ak sè m jwenn moso pa yo a pran san ou pou tounen lakay ou mèsì anpil monpè moun miyami **brave danje** moun miyami pa lan kal pweson moun miyami pa lan chirepit kamoken lan miyami par rete ak pè pap pyès pè pa janm pèdi

larezon pyès pè pa janm pèdi lakat yo al chante retay mès lan miyami mès lan boutèy move mès pa gen sa pyès monpè pa lan pyès **jeretyen** monpè di lamès ki lan gou l tèt kale monpè pa rete ak pèsonn monpè pa lan peyi l monpè lib refleksyon kalkil **asyon** panse souvni mache marinen plontonnen debobinen moute desann jwe akòdeyon nan **zobwatèt** mèl kraf mezanmi kanpe kanpe pou nou koute andire m tande yon bri yon bri **labouras** toubouyon van k ap wounouwounou dèyè palmis yo ou a di m tande yon kout klòch lago tankou yon dènye sinyal anvan koukouwouj konmkwa m pran sant yon sant krabinay k ape woule plotonnen twòkèt pou charye bwote zagribay mezanmi kanpe kanpe pou nou koute andire m tande yon dlo k ape tonbe nan tèt dlo a konmkwa m pran yon sant yon sant pousyè k ape moute anpile dèyè pilbowo andire m tande yon bri yon bri bagay ki san lè **degringgole** desann ekziltik kanpe dyaspora koute ou a di m tande yon chuichuichui yon pawòl pèp yon tripotay yon koze **lamenfòs** tèt kole ansanm ansanm moun nan sid kanpe kinalaganach pou nou tande yon gwonde yon lobo arebò tou **diboka** tou chada peye pou sa ou fè andire m pran yon sant gaz yon sant alimèt arebò jelatin ou a di mwen wè yon mouvman laviwonn deploye filfè brase mòtye trase lizyè pou barikad mezanmi kanpe kanpe pou nou koute mwen tande yon bri **kònay** lanbi rasanbleman m pran yon sant griyo kochon kreyòl bwakayiman mwen pran yon sant van yon sant siklòn yon sant dlo sal mezanmi koute tout sous kontre larivyè glas ak sous mannwèl sous awan ak lavòldwòg sous lespwa sous vanyans mwen tande yon bri barik k ape woule yon vwa loray k ap bougonnen andire gen yon lavalas k apral debonde mèl kraf te vanse pèdi pye lè swafèt vin parèt ou a di yon kout van kraf kraf ou ap koute chante tou non ki kantik sa yo kantik pèp souvren kantik dechoukay miray jeriko lan pwen miray pèp la p ap kraze miray kay makout lan pwen miray pèp la p ap kraze men bon jan senfoni piman bouk bon jan senfoni levanjil pwotestasyon levanjil chanjman an sa ou di kraf men li fwenk vwala opera operasyon an bon jan opera lepèp souvren bonnèt chavire a fout moza pa t ap sa ka wè anyen lan nòt tonalite **wòdpòte** sa yo danse non kraf m pa sou danse swafèt edat n ap pale yo yo pito koupe lang nou nou digonnen yo yo sote dwèt nou nou satouyèt yo nou menm bout jouk lan fè siyon ak yo yo pito kreve je nou espedye nou nou mande yo nou reklame pou yo moute grad malere grad minimòm nan souple mepriz la twò fyèl jenerasyon sa a p ap bwè l li twò kri li manke tchil ise mwen tikal tikal pi wo kenbe tout kòb jwe tout gwo wòl men respekte moun nan grad minimòm nan pou ou jwenn lapè pou nou jwenn respè kit ou se tèt gwo ras gwo klas tout lòt se pye fatra baton tout kò a mande grad minimòm nan abraam move li di ase ou batize m mawon nan bwa abitan fèy pòv malere restavèk bòn gason lakou potè pòt fè ou desann konfonn moun ak

fatra k ap sal oto ou ou chase moun detwi moun kòm akrekre vye kokorat estòp pou libète egalite pou desalin petyon pou nou nèg reklame grad minimòm pou nou tout swafèt te soti li rantre tou bouke kote ou kraf lakwa sou bèlè defalke pak an pak tou de lawon disparèt kit gòch kit dwat menm revanj pou lekris fèt kouman revany pou lekris la solon sèl koutye koutba lan ri dipèp kannale moute bèlè san gade dèyè li tande yo di sa pa bon pou ou ap gade dèyè lè ou apral fè yon zak solon mache drèt dirèk sou lawon gòch li rale yon sèl matonton va epi li souffle twa kout kleren nan kat fas ak men gòch li li plake yon sèl pataswèl lan poto lakwa lawon gòch sanzave ki te pini jezikri desann sou kwa a kòm kwa l ka sove moun li pa ka sove tèt li de kout va lan pòtray lawon gòch estati a depatya miyèt moso trapde anyen pa bliye anyen p ap pase san regleman tout kòz kanpe djanm jakòb lan ri sanfil panche kapote kraf jakòb ki jakòb ok m wè estati jakòb zansèt esklav ak pikwa l nan men li bò toupre poto telefòn nan ri san fil yo ou wè lòbèy yo menm ankò ki antò fè pèp la dechouke jakòb yo fè peyi a tounen yon peyi bobin mit mistè mistik moniman istorik sèvi lespri espyon zonbi pou fè moun pè fè moun mache tèt atè san chache konnen poukisa lakwa te plante lan ri bèlè depi ki lè madan kolo **anmire** nan mitan kafou ri dipèp yo fè peyi a tounen yon peyi malveyans yon peyi move lawon yon peyi move sije move mistè yon peyi dane madichonnen yon peyi bondye sanble bliye yon peyi pèlen peyi ratyè blakawout alawonnbadè detan kraf ap sonje yon vwa kònen kraf kraf se pa pyès lòt moun se swafèt k ap parèt o o tande yon koze deblozay sou wout kwa dèboukè lan jounen 7 fevriye apre tout sendenden mèt kesyon fin anbake ale sèl ak dlo fin jete krich fin kraze dèyè ranvwa malefis tout bagay yon rejiman dekalyonn degovi makwali makout milisyen makawon vakabon san **dekowòm** ap kannale desann pou katye jeneral lan pòtoprens goch dwat goch dwat apral bay **lamenfòt** kont pèp souvren hey kalsitran pa te ko konnen sa ki rive lan lòj lè yo ap pase devan **asko** gen yon fanm machann dlo ki pantan m tande manmzèl di ou kwè yo byen lan tèt ti loulou kouri li di pye m sa m manje m pa ba ou l al di manman l li sot wè yon **laparad** tonton makout mo manman ti loulou pa di l tande pou ta tande fanm nan estonmake **kraf** monchè gen dekwa goch dwat goch dwat chen sou de bò lari ap jape moun site solèy tout sou 2 pye sa k kanpe sou pewon sa k ap kouri sot lan koridò men lan machwè ret sezi mayezi pou chalè penetwo pou grip ou pral tande tou kraf ki jan sa fini ban m bagay la non swafèt pi ba a lan pon wouj devan desalin nan te gen yon kokennchenn rasanbleman fanm kou gason granmoun kou timoun yon manman woulo dechoukay ki t ap prepare yon operasyon rache manyòk men sou ki zo **kingkong** rejiman makout jou bare a al tonbe kraf sa ou tande a dechoukè **twouse** ponyèt manche baton **graslamizèrikòd** yo pa t ko reyini kolye ou konnen m konnen

yo malveyan pòt drapo a gentan tounen ou a di yon balon baskèt **boulvari** pèp soulven leve an 2 tan 3 mouvman **toubiyon** van latounay woulo dechou kay la mete lari a klin makout pise sou yo tankou milèt pòt fizi gaye kou po kann sirèn anbilans lan kat pwent fanm machann dlo a pase l gade l tchwipe l di apali kouman l rele a te toujou ap di pa gen lapriyè ki pa gen amèn epa katafal lavalas dlo dechoukay pase li ranmase charye rès bokal penti rans bòs pent touye dife sou santi boule **migannen** chèk ènès ki gen tout monopòl pouvwa benefis jeneral tout syè travay malerèz an jeneral woulo dechoukay pran lari zak ari fè l pran kouri pran kriye manman o myè myè pijon women fwenk fèmen lan kalòj madan mas madigra mal maske pèdi bann sanginè malfèktè lè woulo a rive bò kay yo a de bal tire eksite dechoukè rete kamelo ise mèt kesyon chèf represyon sou tèt ze pon yon woulo tchak ki pa manje anyen ki frèt fè l manje souflèt kou milèt endont mete pou yo al di m di mete pou yo **merilan** sou teras trèl **relenng** pandye makout lan travès defetaye menm kat kay pay okay difon sèkèy bwote pwonmennen lan gonayiv gonayiv mande revany vanjans twa ti inosan twa timoun ansasen yo voye lan peyi san chapo dechaje fizi **mitrayèt** lan tout ti kòf lestonmak yo gonayiv kanpe pou li rekòmanse listwa listwa prenmyè janvyè lendepandans gonayiv kanpe pou li dechouke listwa **kremòl** sou do ayisyen yo fè tounen anyen depi epòk **chèk bawòk** papa dòk malonnèt yo fè ayisyen yo pa fè chen l nan sendomeng nou te kwè politisyen etazini ta **ride** nou bouda nini fòt **alenn** prizon kwonm lan miyami florid chaje kou legba ayisyen wou ou ayisyen te fin tounen anyen **desoto** tounen rans an frans bèk nou pran lan kebèk akizasyon maladi tonbe sou nou tout pou nou ala tray men kisa l te ye la a mezanmi ki mizè tribilasyon sa a ki pichon sa a ki te badijonnen peyi a ki madichon ki t ap pousib pèp ayisyen toupatou kote nou pase sa a menm si se te wanga ak 3 bò sitwon fòk nou t a janbe l si se te dife pa pouvwa lasous dlo nou pa t a boule si se te bizango ak 3 **modpas** règ sòm sèk wenwen ta gaye si se te prison ak detwa **mounpa** yonn lan nou t a lage si se te angajman pou dat yo ap touche fòk nou t a fin peye si se te **larekonesans** nou t a konn rezon dekiprevyen si se te dèt ak dra sen pòl nou t ava kouvri sen pyè si se te lese yo fè fòk nou ta bay dizon nou si se te pari nou ta sere di di kòd kè **lepèdan** nou si se te kapon fòk nou ta kriye bay gany si se te blan kolon vwa desalin ta va **pete govi** si se te **yangki** peral krisifye ta va **anlaza kako** si se te konplo fòk nou ta ap mare konplo pou nou **ankrabinen** konplo si se te bay nou pa ta kontwole ni **pèrèz** ni sèkèy ni madichon ni **lenmò** ni chaplèt ni **rayiman** ni lajan bay pè klodèl pou l chante libera pou yo kraf tande kraf moun nan tigwaw **plontonnen lasigwaw** moun tigwaw dechouke tout zannimo lan fetay lan chèy pay tout vye bèt **mòdantrèt** pè womil is pa pè rete pè lan jeremi moun jeremi deklare anwo pa moute anba pa desann men pè a la a gade

sanginè ou p ap sis dal vakabon pantan lan repantans moun dammari bat chalbari dèyè tout mèt kesyon represyon pèp an<sup>s</sup>deno alo kouman sa ye apre gagè n a konte ploum ganmèl lan jakmèl tounen anbasad 4 5 tonton makout sere anba chak ganmèl timoun pè ganmèl timoun kouri pou ganmèl pè leve ganmèl kivèt pa ret atè kivèt tounen kas an fè nan lagè katòz anba kabann anba waf lan raje tonton makout tounen fwomi fou **lapousinyè** lan mango dlo **bonbonni** kaye sou yon moso zorany si pouri vè fè kanaval lan yon moso pwason sale 2 rat pran nan pèlen douz chen ki rele chen ap defouraye dechikte **tyènnannan** yon bourik mouri se sa lago a te dire twòp bon jan koukouwouj lage lan **dengwenn** mechan move zè koute kraf anwo dèlma **mamè** sè siperyè soti pou l al okabine lè li fè sa l parèt li ouvri pòt latrin nan **tonnè krisboulout** mwen makout ki lan watè a yon dal michan tonton makout sa ki gwo gwo yo yon latriye malveyan yonn sou lòt sa ki kostime sa ki pye atè swe tankou pitit bouki pè kou sourit pa wè lòt kote pa chwazi lòt kote pou yo al sere se lan watè kay mamè oo konndi lòt la konn di **onnètesplozyon** wi isiba tande kraf tande woule woulo a aaa woulo ap woule dewoule chalbari a bat chalbari dèyè ou chalbari dèyè bourik malentespri malefik oo kraf tande ayewopò m sot la a vant pase vant mennen kakarèl kolik deklarasyon manti piblik de zikap nan dengwenn move sije mechan move je makout pye kout ki te ret dèyè sa pise pase re lan papòt ayewopò moun la a lan pòtoprens pa gen plas pou padon pou lagras **pwennfèpa** fanmi lenmò k ap mande sen jak gras y a yan rès satan jerenons mò chwal animal tout sou lis detere pwomennen lepèp fè yon sèl yon sèl kò dechoukè debake lan simityè tout pawòl aza laza **kiyètvou kèlètvou** levevou pawoli sa yo vire lanvè ave ave mariya fineray rechante kraf tande ak wè se de wè pou ta wè ak je ou mèt kraf poko reponn swafèt pike anba lavil dimezi se bò lari granri tout se pankat reklam pou woulo woulo pou lwe woulo pou vann **bayafèm** woulo dechoukay woulo prete likidasyon woulo kaye lan lakou mouzen lasalin swafèt gaye mèt kraf gouye kò l li fè ti **rantre soti** l devan pòt lekòl la tou li voye je l nan fenèt la tanzantan men mche plis kole sou televizyon l l ap gade espektak an dirèk li wè li tande l ap panse tou dyòl lang lage bouch lang demare pawòl **alagouy** gwo distribisyon pawòl sou channmas chak moun soti ak ven trant pawòl tiloulou ranmase yon pawòl kal maks pou l pote al separe lakay li yon kokenn chenn pawòl twò lou pou lang li si ti nonm lan pa kouri flanke koze a atè boukante sa ak yon refren vaksin dechoukay pawòl sa a desounen l kase kou l sèk yon bri pye plitip plitip yon batan pòt lekòl la frape kow mèt kraf kouri reponn li deja konn ki moun ki la swafèt sa ou di fèy lan bwa souke jodi a a a gwo fèy fèy ki gen fèy ki gen nanm sou yo fèy gason fèy grenn maskriti pou reglise tè ayiti fèy pwa kongo pou fwete **lenmò** fèy ginen pou voye ale fèy ave pou tounen detounen

demare kòd wanga **malisyòs** malfèktè ki **plontonnen** pèp la depi syèk kout semèl soulye talon soulye sou tonm frans wa diva lye hey lonbrik pouri tèt santi di ou lonmen non l ou pa detounen l kraf a dlo sou plim kannna ednè plede **kalbende** sou bèlè si se pa t **kòkòday** li yo nan lame ti vyann sou kò l pa t ap fwenk ase pou dekapay **defalkay** separasyon pou chak dechoukè moun sou bèlè fanm kou gason te jwenn kèk bon bout griyo moun okap kanpe sou de pye militè yo yo ap dera sinen kolonn **maloblijan malandouran** moun okap kanpe djanm y ap dechouke prefè lanfè fè e defè seremoni lan baryè boutèy danmjanm boutèy ka kwa lan boutèy boutèy nwa tyou boutèy boutèy kleren boutèy kanf ti piman zwezo pitit pitit jeneral makandal moun okap ranmase karaktè yo y ap mete lòd lan dezòd oo kraf moun kafou anjandre mezanmi yow moun kafou andyable tande tande men li fout men sa ki rele pèp souvren an menm tonnè krakra m tonnè kraze izèdeze kafou bizoton mèt la mas brile gèrye flanbe divès degre kuit boukannen yo menm di te gen yon machann biskuit lan yon kwen kafou ki bay biskuit fè kado biskuit biskuit tibè biskuit gwomit biskuit kat pou kenz ti bè rale dechoukè ap mache biskuit alamen pral tranpe lan sòs taso makout tonton makout mas griye divès degre dennyè degree bann dechoukay balewouze lepèp souvren deregle dechennen pa kraponnen **pwomennen** kadav griye tonton makout kloure an kwa katafal banbòch vaksin tafya rèl kriz gouyad yon machann pen ak manba eskandal mouch avè bò tou rego yon rado chen tanmen goumen de kamyon baskil chaje sab laboul degrengole tout boulin al fonsè yonn sou lòt de rafal bal tire blodow blodow yon fanm machann dlo kilbite manke al blayi sou yon kadav malere **blevèt** mouch kouvri depi yè maten sou yon pil fatra kenbe ou fanm monpè kite sakristi l pran lari ak **lansan swa** l bade lafimen lansan li deklare lagè kont tout sanpwèl move sije antrave angaje lan ka radyo solèy lan bò pa l ap voye chante solèy leve solèy klere radyo dyòl kouvri tout pòs ap gaye simaye pawòl ti radyo jilyèt bòs tayè anfas la ouvri tout volim li bay yon bri grès cho machann fritay k ap fri pawòl pale pawòl pwonmennen janbe divès kafou pawòl alagouj janbe mòn pilbowo 2 timoun bwavèna soud pa fouti tande yon trèy timoun ri dipèp 10 zago atè yon kamyon pawòl pèdi fren ni bèl ni lèd ni gwo ni piti mele ansanm glwa a jezi aba makout viv kamoken kwabosal betiz makonn pawòl pawòl san triye pawòl lan tout dyòl pawòl toutouni aba satan lamizè jerenons aba soufrans **larepresyon** de fanm okap di bagay pou karann onz mil dola pawòl fè moun ri bay wè trannde pawòl pale moun pa bwè anyen pou moun pawòl men longè disèt lajè yon pastè pwotestan pale pou l pa chape pawòl file pase jilèt pawòl koupe blese pase zenglen pawòl jouda fèzè malpouwont gwo jounen moun rele bare bare bò isit bare bò laba bare lang pè klodèl k ap drivaye jouk lan tyènnann zafè kabann madan sèjan moun

kouvri ri dipèp de tonton makout gwo lide ti memwa ap plenyen denonse mechanste ak enjistis dechoukè pèp souvren mapou tonbe kabrit ap manje fèy li **nètalkole** bal la fini pawòl diktatè ke makak la kanpe pi rèd **pawòl kwelekwekwe** pawòl rale mouch **pawòl kaliko** vire m bò tounen m bò menm bagay pawòl moute disèt wotè **pawòl rèd kou banza** pawòl kleren pawòl tafya pawòl serye pawòl done pawòl trennen twa ti gason lan simityè pawòl la pale pawòl la pran lari pawòl lib pawòl boukante lan gonayiv kòmandan pawòl mouri veye l fèt tout bagay pawòl pou tout moun pawòl pou pèp la pawòl san chèmèt san chèmètrès tidyo pale asefi resi ka pale silfiz rive menm ri moun sezi yo di apa pawòl moun sa yo te ka pike tou kristal de pari eseye repran lapawòl gen moun ki rebite gen lòt ki rechte de bouzen ri sen maten pran pale depi 7è ti **joubmaten** jouk lanjelis sonnen san pran yon lougal yon lepè nan petyonvil pran babye sou pwoblèm milat ak nèg pòv ak rich li pale l pale san la pa janm bouke pawòl chante **lepèpsamiz** pawòl vakabon pawòl van pawòl anlè pawòl **sesi sela selaba** pawòl frè pè ak mè siperyè pawòl bondye pawòl kabann pawòl a de **pawòl dous pawòl konsekan** pawòl moun sa yo pawòl pèp pawòl machann lèt pawòl rizèz pawòl diktatè espekilatè pale jan l pito pouvwa pale l lan men l pawòl moun lavil pawòl dwategòch pawòl kwochi pawòl dous kou siwo nan dyòl wòch nan dlo pawòl anmè kou fyèl nan dyòl wòch nan solèy pawòl pike pase piman bouk depatya peristil voye silfiz lan peyi l li vin angran kay sa a se kay makout pawòl anpil yon sèl bondye bouch manje tout manje li pa pale tout pawòl pawòl granmoun pè klodèl resite yonn de twa twa chapit litani **dentrè** lan fif manman wilnè ti **zanmi danfans** mwen podyab ou kwè kraf si ou wè sa sò yèt fenk sot dechouke yon malèt chèlbè nèt yon malèt lè m di ou sa a **fètéfouni** malèt moun granjan nan lasosyete malèt woulibèz moun k ap manje san swe mèt la wou ou ou ou gade gade balizay kay anyen pa rete ata vaz madan pye wo pa rete men tinès fenk debake sou yon mèsedès tounèf nan lakou mouzen tinès rechomannn byen bòzò sou yon mèsedès tou nèf li sot dechouke dechoukè a tou pase **ranmase dimezi** se machann zanmi l yo devan rèks teyat machann **toli** machann bonbon mari machann pistach machann mouchwa machann remèd ata ti wowo machann boutèy dis zòtèy atè pye poudre byen kage nan mèsedès li ap voye bo pou salye moun sou de bò lari men ti yaya machann fritay ap parèt tout kò l se lò tout kou l se chenn manmzèl ap taye banda de men sou ranch ben bidjo blanch kraf men li men li fout men sa frank t ap pale a men sa feliks te wè a apali papa dezyèm site sen maten kanpe rèd kanpe kinalaganach moun ak bak moun ak kravats vakabon moun lan kay sou lari ak moun lan tout twou pa dèyè lan twou dare twou **bany** machann kann laplenn pòv pye java pye kase lan ti sant sante a yo tout debake vin anbake lan dechoukay chay feray loray sendenden san



manman ki pa t konn si dwa n kòm pèp te fèt pou respekte men sa ou di kòmandan si dwa n te pilonnen san respè zòt ta do jwe jwèt konsanti lè n ap dechouke deblozay estay lobo lan ansyen kacho chanm kay site si dwa n pase anba pay anba pye dechoukè ap fouye ranmase sa yo jwenn yon chodyè diri ki te deja kreve fè festen pou dechoukè pèp souvren ap brase bil lavil la kit sa k ak wòch gwo wòch wòch ki rele wòch galèt lan bounda makout kit sa ki ak bwa pye tab pye chèz planch latrin bwa lan wèl tonton makout bwa viv kamoken **yon jou pou chasè yon jou pou jibye** bon chanjman fèt pou kite rasin nan **fondas** enstitisyon san pa sa se lave men siye atè pou depi dat n ape pale pou depi dat n ap eseye sa ki tonbe lòt ki leve retonbe anyen pa janm chanje tikrik tikrak pa solisyon se enstitisyon yo pou n chanje moun ap pase pawòl vante enstitisyon yo ape rete nou mande yo gade anwo nou pa chanje lavi anba a moute al chache fòk ou desann se lwa lavi lwa **pezantè** pale pale sispann pale ann mete men nan lwa peyi a egalite ak libète se pa moun pa se enstitisyon bon moun lajan kokorat pòv mizè kiyè bwa pa pè chalè ti nèg bouke fòk sa chanje mete enstitisyon tout moun se moun bwa lan bounda malveyan bwa pèp souvren ap mache pran yo sa ki ak kòd mato klou batiman mas rach sa ki de men vid ak zong yo sèlman move sije gen vant mennen simaye ale sou yo ti makout gwo makout renka **rantr lan koki** an wonyay pè di krik pè fè way hehey lan **deboulay** dewoule woulo dechoukay sa a lwa pa deranje lwa lwa pa entèwonp lwa lwa malfezan medizan malfèktè pa tande lwa soud fèy **titalbè grantalbè** rache vole nan van loko loko di 1 pa krabè malveyan san fwa ni lwa douvanjou bè nan fo mamit gentan fonn san kite tras **atouts** fwonmi chèlbè nèt san wont ap **bay payèt** grenpe nechèl sigarèt ant 2 dwèt tikal konsa 1 te **demachwele** nan grenpe nechèl sou tèt kikit men wi avyon **asòs** politisyen meriken vole poze vin chache asosye kòkòt ak figawo lan jwèt myèl dezafi a kaye lontan yo te fè kò pou yo **toupizik** krabinay pou yo akra marinad pèp la ale n fout vouzan malfezan medizan awogan grandan te kwè ou te kwè ou se papa lwa aaa fè m wè ou te kwè ou te di ou se papa loko en bann **malpalan** bann maldizan hey **soukouyan** kote po ou pilon an kraze **soukouyan** mezanmi pote piman bouk pou nou sizonnen po malfèktè jodi a ou pèdi pouvwa ou pa gen lalwa lalwa ou te genyen lalwa yo te pran pou yo kraf pou yo krabinen pou yo maspinen pou yo marinad jenn gason pou yo bannann peze jenn fanm pou yo touye pou yo **toupizik** pou yo krabinen pou yo desounen pou yo pile pou yo **estwopye lalwa** ou te genyen lalwa yo te pran pou yo moute pou yo **chawonyen** pou yo senyen pou yo espedye pou yo fè ou pale pou yo fè ou depale ou menm maskilanje pou fè pale pawòl fè pale sa a trennen yon bokal souvni lan tèt mèt kraf pale pale se pou ou pale pale de konplo pou jete gouvèlman pale de moun ki fè konplo konbe moun ki fè konplo poukisa yo

fè konplo ki konplo pale se pou ou pale anba baton ou ap pale pale di ki kote nou te pale de sa pale di kilès ki te la kilès ki te di kilès ki pa t di kilès ki t anvi di pale pale se pou ou pale pale pou ou di tout sa ki te di anba mati fòk ou pale anba kout pwen ou ap pale n ap prije ou pou fè ou pale n ap kraze ou tyaktyak lang ou se pou ou pale **rerepale** depale kraf lalwa pou yo antere pou yo detere jodi a ou pèdi lafwa lafwa nan letènèl pouvwa avi lafwa nan pouvwa **vegleyans** pote ou pran l pou fè malveyans malfezans san penitans san **kèsote** san kont pou yo rann **kèpòpòz alèz kou blèz** gade non fout tonnèl pouvwa fè e defè ou la apre nou se nou an mèl kraf bite sou koze sa a li kanpe sèk pou li sonje jouk lan peyi ginen lang lan dyòl mèl jozafa mèl panyòl lise petyon klete rèd mare sou kle **pingga** mèl panyòl lise petyon depi lontan li te pati aletranje lan tan lontan **langwis** devan li se wete chapo etidye lang pa janm ba li kanpo diskou franse li se bagay pwòp men se fout sa sèl li te pwòp mèl jozafa mouri tèt nwè 12 lang mouri lan dyòl li jozafa mouri **abetesta** mèl la ale pou jamè san kite yon grenn pawòl lise petyon **bèbèyèyè** sa fè lontan maladi chank se espyon se tonton makout sa chankre toupatoou lan tout peyi moun pè moun andedan kou deyò jouk lòt bò dlo yo di bèt ak ke pa janbe dife rès kòd fanmi an long ekip foutbolè makout estasyon radyo makout bann mizisyen makout konbit tèt ansanm sosyete makout pè klodèl sikile ak fizi ouzi l kwaze lan do l mitrayèt lan pantalèt mamè siperyè bòkò **patante** sèvi chwal anba pentad mawon pastè entèl voye denonse de fidèl legliz li sa fini sa fout fini èf ifi enn ini pou jan pas sa a te long la ou kwè nou gentan janbe l **dentrè** konsa pase pase trapde file fyout ou san estòp san eskal san mouye **pasèdleson** teyorik demokratik okabine ale **flòlòlòp** douvan zèv pratik **reyaliktik** pase travèse ale pa rete tan **vèdilèn lavegleyans** san limyè pasab t a kapab premye san mèl dije **sententèwonp krazèdtab gayèdzo** pase ale tan mannigèt **kont maltaye** pa mize lan siwo pastan lame rich ak plezi bèl kout baton 2 kabès sou tèt vye pòv malere pase tan pa rete sige ale lan tan lontan rive jwenn dikdantan pastè klodèl kente 4 fwa lan jwèt ne de nouvo 9 chato 9 legliz 9 nègès 9 pajewo tounèf pase pase ou tan mètsin tan **lapij detèjant** paspouki jij **mounpa** chèf bawo miwo miba gaye kadejak gwo midi sou fifi lajistis pase tan pa rete ale pa mize lakay jodi janbe lan yè pasyon pè klodèl pran chè lan **koleksyone** tifi minè pou **flerizay** presbitè pase tan deregle pase vit janbe san kanpo pa sensè **tchèbòlè** dezagreman pran grad yo nonmen li jeneral tout lòd an jeneral pase pa gade m pas pou yonn lan yon bann **zògòdò** pasay òdinatè bloke modpas mele tout zèv lan pasay pase ale tan **lapòtba** tan **kouvezon** pa mize pas la dwe janbe san repas dechoukay sa a dwe sèvi leson leson pou lòt k ap vin chita sou fotèy la aaa leson sa a lan pwen pa sonje l nou p ap fouti bliye l gade non ou te fè defè refè lalwa jij moun pa minis **bofijefra** bobin majistra **koutfout** lajistis bèl

fasad sekirite andedan fò dimanch se **krèvkè** jennjan kou vyewo ap seche sou pye san lè kase kèp lenmò tou lèd tou blanch ap paweze se èf ifi se èn ini ou pa fout gen lalwa ou pa fout **gen lavwa ochapit** se ra se ta pwen final mèt kraf istwa sa a merite ekri pou lòt jenerasyon yo konn koze a fen e byen swadi swafèt **retey** ou jwenn sekre non mwen wi mèt la nèg eklere vre mwen p ap pèdi espwa mwen pa gen dwa pou m janm pèdi espwa pa gen sa pyès yon jou konsa m a leve atè a tande kijan m kòmanse ekri paj istwa dechoukay sa a ou la nan zafè ekri se je a ki pa bon kanta pou zòrèy la sa fen nèt ale la mèt la 7 fevriye 1986 ayiti dechoukay lan jan bagay yo ye lan peyi a nou ka di san pale anpil san chache anpil te toujou gen tankou de pòsyon moun nan sosyete a moun lajan lelit yon bò moun pèp pòv yon lòt bò men pran depi lane 1957 rive nan 1986 konplo konfyolo moun osnon pa moun gouvènman lapèrèz konplisite ak pouvwa fizi vin tabli yon michan **lantonwa** lan basen pwoblèm peyi a tanmen **glouglou** kit moun lajan kit moun pòv **sennesòv** lawon mitan sa a yo te batize rebatize l swa milisyen militè makout diktatè tonton makout **fiyètlalo** volontè vsn osnon potomitan pou **lèzentim** lan moun lajan yon bò moun pòv bò pa yo chak fè yonn yonn sistèm djak sou djak chak moun yon bò yonn pè lòt yonn ap siveye lòt lawon mitan sa a te vanse pile **andire** syèk an 2 mitan papa dòk atout li te pran kèk bon bòt domine premye a soti nan lane 1957 rive 1971 pitit dòk osnon bebe dòk pou **lèzentim** moute teren nan plas papa l depi 1971 rive jwenn ak zo grann li nan jounen 7 fevriye 1986 men ta kou l ta ak pasyans pèp ka **rive wè trip fwonmi** tout moun alawonnbadè tanmen lonje men yonn bay lòt koumanse kale kalalou je yo pou yo sa wè klè mas ki lan je pa soti fasil se konsa tou bagay sa a vin debouche sou yon jou **douvanjou** 7 fevriye ki charye dechouke rache manyòk fiyèt lalo osnon tonton makout osnon tou potomitan pou **lèzentim** men sa pa rete la maladi a kanpe se vre men li poko lan gaya non l poko gaya byen pale se sa nèt fò ou pa plis mèt la m apral ranfòse l ak kèk detay mete l djanm swadi swafèt mèt la yon **lakalmi** apre bal kanaval ap vale teren yon gwo **mèkredi lesann** tout wa madigra demaske lapawòl menase rantre lan koki **bridsoukou** yon **kng** pa rèt kale **blevèt** militè rèd **rebande** alaryè repran sèvis maspinay **krazezo** pèp k ap revandike pou **miyorasyon** lavi onondipè edifis edikng (konsèy nasyon al gou vènman) **dadadin dedann** nanpwen nannann nanpwen **tatat** nou blije rebobinen pawòl remakònen lang an voupvoup **mangannigilagaregenanganfigi lagamegemagakougout marepliyemele** konplike lavi lavi pandye lan fil mizè lapawòl fè **bak alaryè** tounen pa do bèk annaryè lapawòl sou jenou lan beke plim an ladoba **yogoregetougounengen pigirèdgèlanganbougoudagamougounn** divès bras leksplikasyon **tresemele** reglemannkont antòtye vlope antre nan lòt toupatou **anpilpil** kit lan faktori lan izin lan batèy lan lekòl sou galeri leswa ale ale sou

gran boulva yon plo lang makònen lan fèy pawòl woule vlope **anzile** sou yon pil fatra loray boule mwen nou te fè sèman konpoze van soufle van simen van lan rasin kalbas kenbe grandou lalibète jouk lan fontenn syèl loray kraze m ansann nou te fè sèman kole fil ranmase fil plo sou plo file grandou libète jouk anwo **remolin** miray lè 7 van abovo vyèy pete je mwen nou te sèman kole kouray bout an bout mare tout fòs **tètanke** pilote kap libète **plezire lawonesans** bèl **zika** balanse 2 bò simaye leson **payete** vwazen **anlaparad** wololoy libète fè tout bèl pou nou bèl e rebel **mengenyogoregetougounengen pigirèd gèlanganbou goudagamougounn** lalin ava replenn koton ava reblanchi n ava **rekònen** lanbi rasanbleman **anmarande** fil bras an bras pare divès plofil tounèf règ ponyèt bande byen moute n ava tonnè kraze m pa fè m sèman rete mèt kraf poudi ou p ap pèdi lakat mèt la jwèt pou mwen jwèt sa a pa jwèt pa ou swafèt jwèt dwèt jwèt mèt mèt kay k ap bale kay ou pa gen anyen ou ka wè nan sa bale k bale lari a bale kay la kole boyo mèt kraf tuipe tuiwww swafèt pe sèk bal bosal blayi anba tonèl lakay ayayay tanbouyè marye dwèt marye bagèt **kavalye pòlka** soulye damaso kanson touspik ewa kavalye kavalye ewa tansèlman kontwole pye ou anvan ou al **leve lamadòn** danse kontwole ale lakadans anvan ou **antre lage** nan won pou ou konn sou ki pye ou dwe danse tanbou rale mennen vini ap frape ti nèg anvi pyafè mèt la pa gen fè bak ti mal swafèt souple mèt la lè pou ou plenyen ou plenyen lè pou ou aji ou aji se bèl leson lavi m ba ou la a swafèt **plenyman** labriz lan chan banbou lapli yenyen sou **kounouk** tach debouye chen lan pay mayi vyolon rara vandredi sen machin kouti lan faktori vye nòt fòsè sou **amònyòm** babye timoun pou lèt ak pen lapriyè pèp lan sinagòg ti mès ti chèf lan pye gwozòm **plenyman** kata lan ke wòb grann kòzman jistis ak atoufè **tèktèk** mayi sou daktilo lapèrèz lach devan lelmi plenyen kriye se zèv **plenyadò** bèt ki gen ke pa janbe dife mèt la **kalinda** frape djab pran danse **kavalyèz** ap leve kavalye peye bivèt tout bagay **kazak** sou pwogresis deboutonnen kalimèt anpwazonnen **an lasini** detan **lakoubèt kaliko** sou diskou sal pou donner vè karako **malerèz anmiganreleng** ka madigra lan seray pou banbòch dekrè lwa kadav sou kadav lan tout riyèl kazèn lame jòn tou pare katouch biskayen ap **papiyonnen** kapon je fon chire hinwa kriye divans kagoulè dèyè pòt kay lakay **kazwèl** ap preche plenyen rekonsilyasyon kat bal tire sou pòtay yon sèl kou **karavachè** kabalè kraponnen kache kapay ranje sou chwal pwovens pou **depeyizman** karidad vann pen ak biskwit pou 4 an kache **kamouflè** ap kalbende ale retou pasipala kasav ak sik moute divès fwa lavalè kaliko sou lis **mò anfa**le vale van **de trip faya** ka pa ou se ka pa mwen frè ak sè m ka nou grav tribilasyon **latoumant** lamizè chita kò yo banbile nèt ale jouk bay dyapòt lan figi pèp ayisyen pou longè **lapenitans** mwen long ou kwè se pa pou **leparadi** drèt dirèk m ap tavay mèt la se ou ki konnen swafèt 7 jou sou 7

yonn apre lòt n ap redi pyange timoun kou grandèt n ap kriye nesosite grangou lan vant pa dous lespwa simen li pa boujonnen nou **penpennen** grennen tenten nou **valkande** aletranje manje mizè tribilasyon 7 jou sou 7 n ap sèmante sou lè sèt sakreman sèten fòk sa chanje flè asezon sezon mayi sezon diri sezon gonbo lam veritab tanmen mwa me bout mwa dawou **nòtrepè lasentvyèy nòtredam** men di m non di m sa ki kenbe lasezon dekrim demizè **dèzavèg** dezevre dechè piyèz sa a ki chita ap grennen rekòt sou rekòt san estòp lan peyi n ayiti **onondipè e difis** edi kng **ensipastil** kafou **tengendeng** miwo **miba** kafou kat pwent 3 **vantrèz** sere dan men nou lan  $\frac{3}{4}$  chimen n ap janbe ou kanmenm lepè fè koule san bwè san gaspiye san inosan **lefis** dechèpiye **ratatiye toupizik** gaspiye yon kng parèt an flanm dife sou tèt palè nasyonal pou li beni repozwa **lamechanste** malsite **malvèsite** depi is tan n ap chache yon kafou yon kafou kote moun ka chita pale tout bagay yon kafou kat sou tab san kat mare depi is tan n ap chache yon kafou tèt poze yon kafou bay lanmen kafou men kontre kafou tout moun kafou san mèt kafou kè kal kafou limyè depi is tan n ap chache n ap chache n a jwenn nou kòmnanse jwenn n a jwenn toujou men jouk ki bò jouk ki bò kafou ki pa kafou makawon sa a kwaze riyèl vayan bilten vòt tranpe lan san mèt la sèmante non tonnè derefize mouri pou yo tankou mouton labatwa chèf boukman patizan fanatik nan pote bay tèt atè bèk atè pye atè sispann gaspiye kouray ou zanmi 2 bèl ponyèt 2 bèl jarèt nan lit kal pweson lit **titintyèt** lit bèl kravat laboujwazi annou manbre lit popilè a yo vini yo pran lavi nou pou y al dige nannan **channggo** demen miyò ou ipoteke pou fon pòch chabrak bèl figi asosye pouvwa gwo **lesto** mèt kesyon manm konplo chèf **konminezon** yo pran lespwa ou y al louvri li toutouni douvan lelmi san nan venn ou koule kou sous pou yo tate posiblite pou yo sonde le teren **konndi** yo di yo eskanmòte gany ou yo sezi swè ou y al pèdi yo nan jwèt damou zye dou ti jwèt dwèt fidonè viv damou divès po kòche divès lòt mouri viv damou tete lang **rechita** koze yo pran sekrè ou yo vante li nan kalfou tenten nan boukantay lakonfyans tyans rans pou rans men fout sinadye adye bondye **abovo abo lobo se ra se ta** adye **tonboloko gonbo lazily** adye ale **monfidonè** bèl orevwa mon kandida nou pa fout bezwen kandida ankò men fòk pèp la vote mèt la **vòks popouli vòks peyi** vòks pèp egal vòks vèy vòks dèy **vòks deyi** bilten vòt sal ak san inosan vòt gaye eleksyon gate libète bite men li pa tonbe anpil kout zepon men kòk la kanpe kin ala kòk ka pran kout bòt salyè papa kòk se kòk pentad se pentad mèt la se yon triyang kòk pentad poul se yon zabriko twa noyo mèt la bòk fè noyo siwo siwo menm si se konsa sa ye n apral **koulonnen** zabriko san kanpo mèt la granmoun toujou di towò ki begle twòp pa gra ou sanble vle konprann mwen wi bon n ap foure pye n nan dlo swafèt n apral leve eskann lapawòl n apral

pale yon **pawòl wòdpòte** pawòl klasik *la percée louverturienne* pèse kisa mèt la bèl pawòl pwogrè anba tonèl pawòl franse dyòl sirèt tilititi pou moun k ap antre nan sinema pawòl ki p ap janm regle anyen pou pèp pawòl moun ak kravats talon kikit k ap domine pawòl lapè ak sekirite pou moun alèz k ap mennen kraze brigad vijilans touye militan k ap goumen nan kan ak pou kòz pèp pawòl biznismann fòk leta mete lòd pou touris antre fòk leta fè mòd moun sa yo rat kokorat **akrekre** sa yo sispann anmède moun bay moun lapè yo fòk leta asire pwoteksyon moun ki gen monopòl lajan monopòl pouvwa monopòl komès monopòl respè monopòl plezi kè kontan 2 gidon lage nan piye peyi dechèpiye **demounaye demounize** malere rèdchèch epa ou soti pou ou pale pase m ou fin gate m wi mèt la metye pa m se pa pale anpil se bwose anpil anpil kout bwòs fè soulye a klin se di pou ou di se pa dan zonbi **bòpo** mèt la pale m pawòl pa ou la m tandè swafèt pawòl pa m nan se pawòl pa pèp la se pawòl moute tab rasanble chèz pou nou tout eritye rebat kat dwa yon ti gwoup moun lelit fas ak dwa tout lòt pitit desalin yo ki yo menm pase anba pye mèt kraf se moun k ap mouri ak swaf la zòt bay responsab pote chay kannari kraze li se sa k ap bourike a ki pote non parese pa konn travay lè se moun sou kayimit k ap lage ba ou ou pa menm rive jwenn pou kenbe alewè pou sere se nou ki swe pou yo chanje chemiz sou yo nou pa fèt pou nou fè ata lide pouse pyon pitit nou tikal pi pre gany se dwa pa yo ise pitit pa yo divès mach pi wo pi wo sou yon nechèl y ap **bawote debawote** nan gou yo an chèmèt chèmètès ou lan di toutbon swafèt yon di ki dire mèt kraf **plen mennuit** vwa lasirèn bèl fanm male kònen non batèm mèt la 3 fwa mansya soti al kriye lan veye piram inosan veye bilten veye lidè veye malere janbèd malè sèvel akasan mouri neye lan san mitan kalfou vaksin anmizik pawòl senbal yon vwa siwèl kònen non mèt la 3 fwa mansya pa la pou mete ola twa vwa piman twa vwa aganman sèpan anchalè chèmèt mèt kraf lan won lan kalfou tenten yanvalou danse sige ale kannòt mwen 2 tranch veritab 1 ti trèy gougout 2 vye gòsbòt lavi nou ap deperi yanvalou vire sige louvwaye yanvalou latibonit ki te latibonit mètrès tout dlo genlè san lè janbe fwontyè yanvalou woule m woule m 2 bò yanvalou lavi nou lage sou po pistach yanvalou danse lavi nou sanble ak 10 kòb gwo bè gouye kò ou yanvalou lasirèn neye kòd van kase yanvalou ou tousle nou toupren rive nan kalfou kesyon lavi ak lanmò sa ou pi pito yanvalou voge nou ta al seye lanmò si sa te bay chans yanvalou woule lejou nou jwenn lavi n ava separe n ava revann fè benefis 100% yanvalou mache **brinding** kò ou **louvwaye** ban mwen yanvalou lavi nou poko vo 10 kòb mantèg nan yon vye plat emaye degrade nan jan sa aprale la a mwen san lè mouri kokorat mèt la n ap fè sa n kapab dezafi a kaye lontan mazèt pa ka wè la ayiti nan yon laye maldyòk konpè anbasad meriken liv kominis manje ranje RTNH tèt kale bobis katach zen

lidè kapòt madigra lopital represyon fanm jijman bòlèt kandida dòktè ebre kongo nouvèl kokomakak bri pèpè grandon bòn demolisyon razè diskou maladi eskanmòtè brigad rèl chèf seksyon zonbi manif reklam lame pòm pòv restavèk pajewo pousyè tiyo dife dyaspo maji kèsote 29 novanm paspò pou l enfimyèz **kep bank** suis kous kouri tap tap estati eleksyon chalè ri relijyon fatra prizon jal tanbou kochon grimèl diktati razwa dèy vòlè palè nasyon alinyon jounalis grangou dola meriken biznis poubèl konstitisyon estera dwòg tkl jal avril tafya tèt kòk bounda pentad bouch manman poul la pè titid asosye pou lavi sispann tonbe pou timoun sispann grangou mwen vin di ou mwen renmen ou pou lamizè sispann **balewouze** pou granmoun sispann kriye mwen vle di ou mwen renmen ou asosye mwen vle renmen ou pou demen nou ka miyò pou inosan sispann faya m ape di ou mwen renmen ou pou ansanm ansanm nou kanpe djanm pou nou konbat move lavi kòtakòt mwen renmen ou anverite anverite se vre mwen te fin rayi ou nèt kanmarad men m tounen renmen ou poutèt sa yo k ape grandi san demen san lespwa mwen tounen renmen ou pi rèd pou nou sa kole pla men nou ranmase lawouze grenn lapli pou n al vide nan rasin lavi pou li sa manyè boujonnen bèl mwen tounen renmen ou pou nou kole ponyèt ansanm pou nou separe lavi jouk chak moun jwenn tikal se pou sa m vle renmen ou kanmarad fevriye mas 91 **foultitid** moun ap **brase vire** nan bèl **bouyon mimi** sèjan ak sivil ap bobo sou bouch nan laviwonn mayigate se lalwa nou pito di se lamòd pawòl nòs pèp ak lame monpè beni bag nou ane a tonton bab tonbe ri nan bab yo ri nan bab yo ri nan bab yo ri jouk je yo fè dlo yo ri kont ri yo anyen pa deranje lepè ak moustach souri nan moustach yo di tou gen manman ak papa ki gen pitit yo bèl jenn gason jenn fi enganm lame sa a menm te manje ki kriye règ kriye yo nan mouchwa moun pa sou bò moun foul la pa wè viv lame viv monpè pèp pa tandè viv sòlda viv sivil ki mele l pèp soufri pèp mouri pèp batay pran pouvwa lonje bay lidè pa l lidè pèp kòk kalite pèp fè nou konfyans nou se lavalas fè djòb nou nou di nou marye li ak lame ki mele l li fè nou konfyans fè djòb nou epa di nou di nou marye li ak lame ki te mele l marye li jan nou vle lè nou vle ak sa nou vle nou fè l kwè se plan estrateji epi ki ji mèt la ji etranje ki mele ou tout ji pa ji antouka se pa ka ni ji kann ni ji zorany estrateji si estra te ji bon ji ou kwè se pèp ki ta jwenn li pou l bwè tuiwwwwww pèp la batay li pran pouvwa ba ou dirije li pa te renmen ni fyanse ou di ou marye l ki mele l li fè ou konfyans ou p ap twonpe l fè djòb ou yon solèy douvanjou fè rimay leve kòk poko menm ka chante mazèt ki mazèt p ap pran lan sapatonn sa a ou voye flè mwen voye flè n ap voye flè ou lage krab mwen chire sak n ap pèdi ni sak ni krab nan ki sa nou ye la a mèt la esperyans chen manje chen ti mal swafèt mèt la mesye swafèt ou kontan epoutan nou te tèlman soti pou nou te kontan yon ras

kontan pou jan sanba te tanmen chante lavi te leve danse yanvalou tap **louvwaye** sou lanmè lavalas espwa chanjman an sou gwo dlo lavalas lespwa a rebò yon palmis sou yon vye resif yon kòk zenga t ap klewonnen kokoriko ala bèl sa bèl **latlantik** nouvèl nan dechèpiye dekatye **zanmerantay** ak patipri wete kouran sa a twò adwat jete kouran sa a twò agòch lavalas dlo tounen yon rigòl yon ti rigòl twa degout dlo dòmi kole sere kole nan kisa nou pran la a kraf nan twa wa mh hmmm kote sèl pote dlo kanmarad pran 2 gòjèt rèl la pou m bwè hm mmmh ride m plenn monkonpè soutni tèt mwen m a soutni pa ou hm mmmh pote kòd bouyi te **makonmè** m sentre tay mwen m a sentre pa ou mh hmmm lonje men ou pran men pa m fanm vanyan ann kòde yon chenn zarenyen lan plede valkande y ava bouke y a vin poze mmmh hm pote men pou nou fonn yon chenn laviktwa jou n a ap batize l nou a va rele l chenn delivrans nan kisa nou tonbe la a kraf mèt mwen ou ka di mwen nan **tyouboum** nou nan tyouboum wi mèt la nou rele dousi l doulè a twò fyèl dousi l tikras tanpri jeneral sikre l souple kaporal delye l dekoupe l ak siwo ban nou l sikre ti sòlda kou sa a fè mal li anmè fyèl nou pa ka bwèl vide myèl sou li jeneral myèl kaporal sou kalte doulè sa a vide myèl ponpe m myèl kolonèl sou divizyon mechanste sa a vide myèl militè myèl sòlda myèl pa kas myèl pa bòt pa gato desen myèl bèl ayisyen bèl siryen boujwa lavil jal la bezwen baskil ak pajewo ak kamyon sab pou bwote myèl bwote gato ranmase flè charye siw kou a brile brile fò brile fon leve dife leve bousòl jal la bezwen myèl kou a twò fyèl nou pa ka bwè l kou a twò fò dekoupe l jeneral mande zòt myèl jeneral sele bourik la pete fyèl li anba chay fè zòt ba ou myèl militè pa tòn kilo myèl pa sak myèl pa milyon 44 fwa 40 lyon milyon yon syèl myèl plis 13 latibonit ak 27 **lagrantans** ou bezwen myèl jeneral anpil myèl pou dousi latlantik malveyans sa a anpil myèl jeneral myèl pou ou ti sòlda pou demen kaporal pou manman ou jeneral myèl pou ou militè mèt la pawòl anpil machwè gonfle mèt kraf swafèt ala yon anbago sou lavi papa y ap pini pèp la y ap fè esperyans politik entènasyonal nou sèvi **kobay** yo bloke tout jwen dyaspora pa ka gouye yo mare 2 bra **lafanmi** okenn pote kole se lan nouvèl n ap wè mizè n voye foto a yo voye di m jan lamizè bwòdè lamizè pran fil l ap pwonmennen ap bay payèt lamizè tribilasyon ap sikile **aleretou** talon kikit cheve sou do dèyè l men longè tire foto l voye pou mwen yo voye di m lamizè radi sa vin frekan yon frekan tribilasyon ap sikile aleretou nan kapital kou nan pwovens lamizè pran fil nan vil okay se dyòl woze l ap sikile li antre kay gwo kiltivatè ata kay pè mè siperyè lamizè pèmèt wi mezanmi tire foto a pran pòtre a voye pou mwen pran l divès pòz divès kote pran l ak timoun li pwyòkò pran l ak granmoun l ap souflete tire foto l tout pozisyon lè l layite ap bouloze nan tout katye kote pèp ye yo voye di m lamizè sou moun lamizè pran fil li vin anfòm leلمي



pran swen l politisyen biye l loni makiye li oéa peye l hehey lamizè fin rich wi mezanmi lidè dilè pa satilfè yo reklame ogmantasyon pou manzè lamizè nan peyi dayiti yo voye di m lamizè fè non l peyi a rele l pa l etranje kontan dyaspora kanpe ape koute sa je pa wè kè pa tounen men **tonnè kristòf** mwen m pa vle sèman te yo voye di m lamizè bwòdèz yon ras **bwòdèz** talon kikit dyòl woze men longè dèyè l lamizè pran fil lamizè sou moun nan peyi dayiti **lòtrejou** yo di m yo wè klinton bobo l sou bouch lamizè chanje grad **lamizè** jeneral lamizè se chef lamizè sèl konsil reprezantan loni nan peyi ayiti lamizè pran grad anbasadè kominote entènasyonal nan peyi n ayiti ata monpè ak mosenyè bobo l beni l tire foto a pran pòtre a voye pou mwen pran l divès pòz divès kote pran l ak timoun li **pwatyòkò** pran l ak granmoun l ap souflete tire foto l tout pozisyon lè l layite ap **bouloze** nan tout katye kote pèp ye tire foto a voye l pou mwen m a devlope yo m a fè glase yo bay dyaspora a nan **ritounèl** avyon an m a voye yonn pou ou moun fè bèl rèv demokrasi a ap tounen mèl la gen lòt ki kwè sa pa posib ze ki soti pa ka tounen antre andedan vant poul san n pa bliye dòt ki kwè se yon lòt koudeta pi rèd pi lèd ou kwè sa mèl kraf alo alo **baznaval** alo alo gwanntanamo alo alo di m si nou tandè mwen bay demokrasi a mouchwa lè n ap mennen l pa ba l penich ni kenedi annik mouchwa pa pote pèpè neyoliberal cheri ni **branch doliv ni sinister** ata grap ble ou pa bezwen pot sa si yo lofri ou derefize pote mouchwa tanpri souple pou ti **selavi** si l poko mouri se pa ti sonje pitit la sonje ou fòk ou pote mouchwa anpil mouchwa n a separe bay pèp kiba grenad panama nikaragwa n a kab souye je nou ranmase dlo pou nou pa neye nou fin pare pou yo al fè nou kontinye kriye **lavalaseman** maskilanje demokrasi a ap tounen **chalmayperalteman** mèl la **malatyonn** pa dyondyon swafèt analfabèt pa bèt mèl la analfabèt fout bèt swafèt premye janvyè 1804 desalin mare marye rekonsilye **demezi** se frè demezi se sè tout monkonpè tout kanmarad ki te goumen kit sou banyè ble kit sou banyè wouj 28 jiyè 1915 al pou 34 yanngki konze **ploye klouwe** chalmay peralt lespwa lafyète **kochonnen** trennen san jeretyen bòt tonton sam reveye sanba lolo nan mitan lavalas somèy lespwa li koupe rèv **lomyansè** a miyèt moso 1994 militè **yangki** meriken retounen pilonnen latè vye nèg vye nègès sou konpa desalin nan **chalmayperalteman** lavalaseman nan ki dans monkonpè mwen ap envite n danse la a menm di m davans nan ki dans ou envite m danse a kanmarad di m divans ki siyon ki mak apa n apral **poze kole** sou do kay lakay pou pyè lanfè loray dife pa iwochima vye fanmi m vye zanmi m vye peyi m di m davans nan ki dans yo envite ou ou ap envite m danse a kanmarad di m davans si ou konn divans ki kadans k apral frape ki dam ki pare pou danse ki kavalye ki p ap kab danse di m davans ki mòd dans zòt fòse ou danse ou vle fè m danse a monkonpè di m davans si ou fè diskou bèl lomeyans prepare

divans pou operasyon pote **tanbou madoulè** apre **dans kimele** di m davans si ou konn divans apre bal entèkansyon **tanbou dezagreman** pa janm lejè di m davans si ou konn divans nan lomlèt okipasyon se pèp ki pase pou ze di m davans nan ki dans ou envite m danse a monkonpè konsa lè tanbou ava frape m ava konn davans sou ki pye moun dwe danse men l anlè a l ap vini mwen m kwè nèt mèt la zòt fè nou mache sou kòd volonte yo ala mal sa fè nou mal ala lapenn adye o se ak sa nou renmen y ap fè nou mache y ap fè nou trennen pou sa nou renmen jwèt la pale nan bouch zòt fè nou konprann las nou nan pil toujou nou jete fòs kraze maryaj file joke gwo figi n ap chache las nan jwèt deboulonnen desere nan jwèt lib lespwa kente fè nou pèdi pwen gaspiye bris nou pèdi fil jwèt la valèt pran valè va lèt ra kou grinbak vèt **mache nwa** kaye loni mèt dezafi moute desann tout moun dèyè dola tout moun dèyè titid tout moun soud pou 7 ti mwa lespwa ou a di yon syèk tribilasyon pouki m te bezwen al vote nan 16 desanm 90 se do cho anba kannistè m te twò cho pou 7 mwa **garyonnay** yon toupre syèk baboukèt anbago sou dyòl sou vant sou lavi pou 7 grenn mwa plezi vivi gade **tensèl** limyè yon demi syèk fènwa blakawout limyè tenyen ni sou deyò ni andedan yayay pouki m te nui nich mwen nan **pike kole** sèz desanm katrevendis pou 7 ti ale vini voupvoup san pran souf yon **gwòs alizèn mizèrere** okenn dat pou delivrans pouki menm mwen t al vote nan 16 desanm 90 ou kwè se pa t yon ranvwa yon pouse **malisyòs** malaki ki te charye m pou 7 pa nan bal demen miyò 7 ti pa kavalye pòlka yon manman **tanbou madoulè** toupre fin pliche detrese tout pay sou tèt kounouk mwen pouki m te fanmsay nan akouchman lespwa lavi nan 16 desanm 90 pouki tyovi pa t tou mouri nan pasay pou 7 grenn mwa lafanmi rejwi yon **dekalyonn** tribilasyon envazyon mizè depòtasyon pouki m pa te kite chwal tonton yo di ki tonton m nan **pran gany anlagan** pale yon pawòl pou mwen mèt kraf ki pawòl ou ta vle pou nou pale ni pou ou ni pou mwen swafèt di yon pawòl tabli yon koze sou dwa pa m sou **lavimiyò** pa m sou jodi ak demen fanmi mwen ras mwen pale yon pawòl pou mwen yon foure bouch yon pawòl etablisman enstitisyon legal **agrantliyèn** ki pa nan ti mezi mounpa espesyal pati kilyè yon pawòl enstitisyon demokratik popilè pa pèp pou pèp ki fèt pou ranplase tout bezwen piston relasyon moun lou parenn moun pa yon pawòl enstitisyon solid pou reparasyon separasyon nasyonan legal pale pawòl jeneral desalin nan pou mwen pou 2èm endepandans la pawòl reparasyon enjistis rabi k ap ravaje peyi a depi 2 syèk pitit kolon eritye kolon pitit ginen eritye anyen pawòl lapè a benevòl konsa a poko pawòl pa m nan lasosyete reklame lapè li se bèl pwojè men m pa kache di ou **tonnè krakra izèdeze** viv salnav resi pale yon pawòl pou mwen resi pale nan pawòl pa m nan non mèt la pawòl pwogrè swafèt pawòl pwogrè pa mwen se pawòl pèp k ap lite pou lavimiyò se pawòl angrè pou m travay moso tè m ta

rive jwenn pou m travay se pawòl silabè ti malis inifòm enskripsyon lekòl metye pou pitit mwen se pawòl pou yo tout gen menm dwa menm chans antre soti lekòl kay mè pè frè fakilte inivèsite se pawòl pou yo tout gen menm dwa menm chans pou yo jwenn travay fè tou pa yo sou chwal papa a se pawòl respekte moun tout moun se moun pa gen moun siperyè moun se pawòl dwa mwen devan leta yon sèl jistis san patipri egalego se pawòl laswenyay san **regadan** se **vèditè** ak **vèditèse** pawòl fyète m pou m viv nan peyi m an granmoun respektab respekte pawòl pa m nan se yon pawòl grad minimòm nan souple mepriz la twò fyèl jenerasyon sa a p ap bwè l li twò kri li manke tchil ise mwen tikal tikal pi wo kenbe tout kòb jwe tout gwo wòl men respekte moun nan grad minimòm nan pou ou jwenn lapè pou nou jwenn respè kit ou se tèt gwo ras gwo klas tout lòt se **pye fatra baton** tout kò a mande grad minimòm nan abraam move li di ase ou batize m mawon nan bwa abitan fèy pòv malere restavèk bòn gason lakou potè pòt fè ou desann konfonn moun ak fatra k ap sal oto ou ou chase moun detwi moun kòm **akrekre** vye kokorat estòp pou libète egalite pou desalin petyon pou nou nèg reklame grad minimòm pou nou tout lespwa fè moun viv ti mal viv lespwa mèt la gen moun ki gen lespwa wi swafèt viv moun sa yo mèt kraf yèreswa sanba a fè yon rèv sanba a reve anba lakay bèl rèv lespwa k ap boujonnen sanba a wè vapè batiman blan ak pòtavyon k ap pote konkou kanada ap rele bare anwo lafrans reponn bare anba **lamenfòs** ak pèp ayisyen nan bare erozyon latè k ap degradingole al nan lanm alo alo kominote entènasyonal la konbit men anpil ann pouse lamizè pi lwen **yèreswa** sanba a fè yon rèv tout **zam fannfwa** se te pikwa boulèt kanno yo se te pen pen lenstriksyon pen devlopman sa nou t ap chache pou n te kore palmis lespwa ki te vle boujonnen nan 16 desanm 90 yèreswa sanba a fè yon rèv rèv la poko janm efase tan an toujou mare tan an boude pi rèd de kout zèklè prèt pou deklannche tout kò syèl **la tranblad** tranblad dlo pral chavire lavalas lapli pyè loray chen pare pou bwè dlo jouk lan nen